**O`ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI**

**XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**


**A`JİNİYAZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK**

**PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI**

**Madreymova Zibaxan Baltabaevna**


# *OQIW PROCESSIN SHO'LKEMLESTIRIWDE INFORMATSIYALIQ TEXNOLOGIYALAR HA'M ELEKTRON RESURSLAR MAZMUNI'*

**5A110701 – Ta`limde xabar texnologiyaları**

**Magistr akademiyalıq da`rejesin alıw ushın jazılg`an dissertaciya**


**İlimiy basshı:**

**p.i.k. Allambergenova M.**


**No'kis -2016**

# MAZMUNI

**KIRISIW** ........................................................................................................ 4

**I BAP. TA'LIMDE XABAR - KOMMUNIKATSIYALIQ TEXNOLOGIYALAR**

1.1. Ta'limde xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalari'n qollani'wdi'n' pedagogikali'q tiykarlari'.................................................................... 13

1.2. Pedagogikali'q ta'limdi rawajlandi'ri'wda zamanago'y xabar texnologiyalar mazmuni'........................................................................ 19

1.3. Ta'lim protsessinin' informatsiyaliq ta'miynati' ha'm oni' basqari'w sistemasi ........................................................................................ 26

*I-bap boyinsha juwmaq*......................................................................... 35

**II BAP. ELEKTRON XABAR TA'LIM RESURSLARIN JARATIW TEORIYASI**

2.1. Ta'lim protsessinin' informatsiyalasqan tarmag'i'.................................... 36

2.2. Oqiw orinlarinin' integrallasqan informatsiyaliq-talim resurslari tu'rleri ........................................................................ 41

*II-bap boyinsha juwmaq*......................................................................... 46

**III BAP. OQI'W –TA'RBIYALI'Q PROTSESSTIN SHO'LKEMLESTIRIWDE KOMPYUTER TEXNOLOGIYALARI**

3.1. Xabar texnologiyalari' ortalig'inda elektron resurslar bazasin jaratiw ……………......................................................................48

3.2. Talabalar o'zbetinshe bilimin a'melge asiriwda kompyuter texnologiyalari mazmuni.........................................................................59

3.3. Talabalar o'z betinshe oqiwin a'melge asi'ri'wda elektron resurslar mazmuni' ……………………. ..........................................................65

*III-bap boyinsha juwmaq* .........................................................................76

Uliwma juwmaq ha`m usinislar...................................................................79

Paydalang'an a'debiyatlar ........................................................................81

## Kirisiw

***Ha'r qanday ta'lim ha'm ta'rbiyada en' tiykarg'i na'rse mug'allim, onin' oy-pikir du'niyasi u'lken rol oynaydi.***

***A.Disterveg***

**Temanin' aktuallig'i.** O'zbekstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' 1997 ji'l 29 avgusttag'i' IX sessiyasi'nda qabi'l etilgen "Bilimlendiriw haqqi'nda" g'i' Ni'zam ha'm "Kadrlar tayarlaw milliy da'stu'ri" nde joqarg'i' ta'lim aldi'ndag'i' bir qatar za'ru'r wazi'ypalar belgilep berilgen. Ta'limnin' pa'n ha'mde islep shi'g'ari'w menen integratsiyasi' mexanizmlerin jarati'w, oni' a'meliyatta qollaw, oqi'wdi', erkin bilim ali'wdi' individuallasti'ri'w ha'mde arali'qtan oqi'tiw texnologiyasi'n, oni'n' qurallari'n islep shi'g'i'w, o'zlestiriw, jan'a pedagogikali'q ha'm xabar texnologiyalari' tiykari'nda talabalardi' oqi'ti'wdi' jedellestiriwdey za'ru'r wazi'ypalarg'a kiredi. Bul wazi'ypalardi' ori'nlaw mu'mkin ta'lim sistemasi'n ta'lim protsessin jedellestiriw oni' ha'zirgi zaman talaplari'na say rawajlandi'ri'wdi', joqarg'i' pedagogikaliq ta'lim paradigmasin zamanago'y pedagogikali'q ha'm xabar texnologiyalari'n o'zlestiriwge, pedagogika joqari ta'lim mekemelerinde qa'nigelikke qarasli' fundamental bilimlerdi bekkem iyelewge qadir qa'nige tayarlawg'a bag'darlawdi talap etedi.

O'zbekistan Respublikasi' du'niyani'n' rawajlang'an ma'mleketleri siyaqli' kompyuter ha'm xabar texnologiyalari'n rawajlandi'ri'wg'a ayri'qsha itibar qarati'lmaqta. Informatizatsiyalawdin' milliy da'tu'rin rawajland'ri'w, barli'q tarawlarda zamanago'y xabar texnologiyalari'n paydalani'w, ja'ha'n xabar resurslari'nan xabardar boli'wdi' ken'eyttiriwge qolayliq jarati'lmaqta O'zbekistan Respublikasi' Ministrler kabinetinin' 2001 ji'l 23-maydag'i' "2001-2005 ji'llarda kompyuter ha'm xabar texnologiyalari'n rawajlandi'ri'w , " Internet" tin' xali'q arali'q xabar tarmag'ina ken' kirip bari'wi'n ta'miyinlew da'stu'rin islep shi'g'i'wdi' paydalani'w boyinsha is-ilajlar islep shi'g'i'w haqqi'ndag'i' 230-sanli' Qarari' "Xali'q so'zi gazetasi'", 2001-ji'l

24-may. Keleshekte ma’mlekettin’ ekonomikasi’, insaniyat turmi’si’ ha’m du’nyadag’i’ orni’ xabar texnologiyali’q rawajlani’wdi’n’ protsessi’ne baylani’sli’ boli’p qalmaqta.

O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti I.A.Karimov zamanago’y xabar kommunikatsiya texnologiyalari’n ken’ rawajlandi’ri’w ma’selelerine ayri’qsha itibar qarati’p “Ha’zirgi waqi’tta qaysi’ zamanago’y taraw yamasa tarmaqti’ ali’p qarag’anda bulardi’n’ barli’g’i’ni’n’ tariyx negizinde aldi’ menen telekommunikatsiya ha’m xabar texnologiyalari’ turg’ani’n en’ rawajlang’an ma’mleketler ha’m uli’wma du’niya ta’jriybesi mi’sali’nda ko’riw ha’m an’law qiyin emes” dep aytqan. [3]

Ta’lim protsessine zamanago’y xabar texnologiyalari’n qollani’w boyi’nsha O’zbekstan Respublikasi’ Prezidentinin’ “O’zbekstan Respublikasi’nin’ ja’ma’a’t ta’lim xabar tarmag’i’n sho’lkemlestiriw haqqi’nda” g’i’ 2005 ji’l 28-sentiyabrdegi PQ-191-sanli’ Qarari’ O’zbekstan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ “Kompyuterlestiriwdi ja’nede rawajlandi’ri’w ha’m xabar kommunikatsiya texnologiyalari’n qollani’w sharalari’n ko’riw haqqi’nda”g’i’ 2002-ji’l 6-iyundag’i’ 200-sanli’ , “Pedagog kadrlardi’ qayta tayarlaw ha’m olardin’ qa’nigeligin arttiriw dizimin ja’nede jedellestiriw haqqi’nda”g’i 2006-ji’l 16-fevraldag’i’ 25-sanli’ Qararlari’ni’n’ qabi’l etiliwi’ usi ma’selege ma’mleket siyasati’ni’n’ za’ru’r ma’sele si’pati’nda itibar qarati’lip ati’rg’ani’nin’ da’lilidur.[2]

Belgili bolg’ani’nday, pa’n ha’m texnika jedel rawajlanip ati’rg’an bu’gingi ku’nde ko’plep ilimiy bilimler, tu’sinik ha’m eskertpeler ko’lemi keskin arti’p barmaqta. Bul bir ta’repten, pa’n ha’m texnikani’n’ jan’a taraw ha’mde bo’limlerdin’ payda boliwi’ sebepli onin’ differentsiyallasi’wi’n ta’miyinlep ati’rg’an bolsa, ekinshi ta’repten, pa’nler arasi’nda integratsiya ja’g’dayi’n ju’zege keltirmekte.

Bunday sharayatta, joqari qanigeli pedagoglarg’a bolg’an talaplar artip barip, barkamal awlad a’sirler dawaminda qa’liplesip kelgen. Uliwma insaniy

ha'm milliy qadiriyatlar arqasinda ta'rbiyalawg'a iye, pa'nnin' fundamental tiykarlari'na pedagogika ha'm psixalogiya metodlarin aniq iyelegen, ka'siplik tayarlig'i' joqari' da'rejede bolg'an ha'mde zamanago'y pedagogikaliq ha'm xabar texnologiyalarin a'melde qollay aliwshi ha'm uqi'pli' umtiliwshan' pedagoglardi tayarlaw talap etiledi.

Ha'zirgi waqitta xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyasin rawajlanidiriw ha'mde ken' ko'lemde qollaw jahan da'rejesinin' global tendentsiyasi esaplanadi. Yag'niy texnologiyalar ku'n sayin rawajlanip, ma'mlekette xabarlandiriw protsessin tez pa't penen rawajlanip atirg'an ha'zirgi da'wirde bilimlendiriw tarawinda elektron xabar resurslarin sho'lkemlestiriwge ayriqsha itibar qaratilmaqta. Biraq xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalarinin' tez pa't penen rawajlaniwina qaramay, bilimlendiriw protsessine zamanago'y texnologiyalardi, oqitiwdin' jan'a metodlari, tu'rleri ha'm qurallari boyinsha pedagogikaliq jetiskenliklerdi qollaniw da'rejesin ha'zirshe jeterli dep bolmaydi.

Haqiyqatindada, ta'lim protsessinde jan'a texnologiyalardi qollaniwda ha'r bir oqitiwshinin' o'z pa'nine ha'm ba'rkamal a'wlad ta'lim-ta'rbiyasina juwapkershilikli qarap puxta u'yreniwi, olardi o'z miynet iskerliginde na'tiyjeli qollay biliw ta'jriybesine iye boliwi bu'gingi ku'nnin' za'ru'r talabi.

Bakalavriyat ha'm magistratura qa'nigelikleri boyinsha pedagog kadrlar tayarlawdin' si'pati'n asi'ri'wda talabalardi' ilim-pa'n tariyxtin' en' son'gi' jetiskenliklerinen xabardar etiw za'ru'r ahimiyetke iye. Bu'gin pa'n ha'm texnika tarawindag'i jan'ali'qlardi' oqiw da'stu'rleri mazmunina tez kiritiw talap etiledi ha'm bul arqali zamanago'y bilimlerdi rawajlandi'ri'wg'a qolayliq jaratadi'. Bunnan ti'sqari' zamanago'y oqi'ti'w texnologiyalari', olar menen baylanisli' metodikali'q qollanbalar bolajaq oqitiwshilarda za'ru'riy bilimler , za'ru'r nizamlar, ko'plep fundamental tu'siniklerdi an'sat, teren' ha'm erkin, rawajlandiriw ushi'n qolay sha'rayat jaratadi.

Oqitiwshilardin' xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalarina tiykarlang'an ka'siplik iskerligine tayarligi'n rawajlandi'ri'wg'a qolaysiz ta'sirin ko'rsetip atirg'an ha'reketlerge to'mendegilerdi aytiw mu'mkin:

– joqari pedagogikaliq ta'lim ori'nlari' talabalardi – bolajaq oqitiwshilardi xabar kommunikatsiya texnologiyalardi a'meliyatta qollawg'a u'zliksiz rawishte tayarlawda ilimiy tiykarlang'an protsesstin' joqlig'i';

– joqari pedagogikaliq ta'lim ori'nlari'nin' jalg'iz elektron xabar-ta'lim aymaqli'q ha'm integrallasqan oqiw –ilimiy resurslardin' jaratilmag'anligi;

– ta'limnin' xabarlandiriw barisinda toplang'an ta'jriybelerdin' a'meliyatta jeterlishe qollanilmag'anligi;

– zamanago'y xabar texnologiyalari'n talabalardi'n' o'z betinshe oqiwi'n sho'lkemlestiriw imkaniyatin beriwshi elektron oqiw-metodikaliq qollanbalardin' jeterlishe jaratilmag'anligi. Bunnan tisqari pedagogikaliq ta'lim protsesslerin informatiztsiyalawdi' sho'lkemlestiriw ha'm basqariw ma'selelerine ilimiy mashqala sipatinda qaraw za'ru'riyati;

– ja'miyet ha'mde ta'lim protsessinin' rawajlanip bariwi menen baylanisli ja'ha'nde ju'z berip atirg'an o'zgerisler;

– xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalarinin' ta'lim mazmuni ha'mde protsesslerg'e qollaniwdin' o'zgerislerge alip kelingenligi;

– tu'rli pa'n oqitiwshilarin xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalarin qollawg'a tayarlawdin' aniq mashqala sipatinda ko'rinip turg'ani menen ja'nede mashqala tuwdiradi.

Joqari pedagogikaliq ta'lim ori'nlari' talabalarda ka'siplik tayarliqti sho'lkemlestiriw ha'm oni rawajlandiriw, protsessge qarata sistemali' kompleks jandasiwdi dag'aza etedi. Bolajaq oqitiwshinin' teren' bilimine, jaqsi jumis jurgize aliwina iskerligine iye boli'wi' belgili pa'n barisinda jeterli jazba ha'm a'meliy bilimlerdin', ta'lim protsessinde jan'a pedagogikaliq ha'm informatsiyaliq texnologiyalarinan u'nemli paydalaniw qa'nigesinin' qanshelli rawajlaniwina baylanisli. Usi sebepli, ta'lim protsessin xabarlastiriw, zamanago'y

xabar texnologiyalari imkaniyatlarinan u'nemli paydalaniwdin' jazba ha'mde a'meliy sebeplerin jaratiw temamizdin' qiyinlig'in belgileydi.

**Mashqalanin' u'yrenilgenlik da'rejesi.** Ta'lim sistemasi'na zamanago'y xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalarin engiziw boyinsha ilimde bir qansha izleniwler ali'p bari'lg'an. Ta'limde xabarlandiriw qurallarin jaratiw ha'm olardan paydalaniwdin' teoriyaliq tiykarlari' I.V.Robert, ta'limde kompyuter texnologiyalarinan paydalaniwdin' teoriyasi ha'm metodikali'q ma'seleleri bolsa L.I.Antsiferov[8], V.M.Vimyatin , Fuchs I.H.,[26] V.A.İzvozchikov, M.P.Lapchik ha'm basqalar ta'repinen uyrenilgen. Informatsiyaliq–dinamik u'yretiwshi ortaliqti bolajaq oqitiwshilardin' xabar ma'deniyatin xabar rawajlandiriwshi faktor sipatinda u'yreniw ma'seleri N.A.Sizintseva, Malone T.W.[27] jumislarinda qarap shi'g'ilg'an. Mektep fizika ha'm astronomiya iliminde zamanago'y xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalari'n qollaw boyinsha izertlewler Gershunskiy B.S.[19] ta'repinen a'melge asirilg'an.

Respublikamizda bilimlendiriw sistemasi'nda pedagogikaliq ha'm xabar texnologiyalarin engiziw boyi'nsha izertlewler A.A.Abduqodirov[4], Q.Olimov[22], M.Aripov[9], Sh.S.Axrarov[12], B.Begalov[14], R.Sh.Axlidinov[11], V.Mahkamov, S.Rahmanqulova, N.I.Taylaqov, W.Q.Tolipov, S.S.G'ulomov, R.H.Hamdamov, U.Yuldoshevlar ta'repinen a'melge asirilg'an .

Teoriyalar derekler mazmuni menen tanisiw, u'zliksiz ta'lim iskerligin u'yreniw ha'm ta'jriybelerin analitikali'q talqilaw bolajaq oqitiwshilardin' ka'siplik tayarliqlari sipatinda asiriw ha'm an'satlastiriw mashqalasinin' qiyinlig'i, informatsiyali'q texnologiyalar ha'm elektron resurslardan paydalaniw respublikamizda jeterlishe ilimiy da'lillenbegenligi ha'm pedagogikaliq ta'repinen toliq sheshilmegenligi bir qatar sheshimin ku'tip turg'an mashqalalardin' biri boli'p esaplanadi'.

Oqi'w protsessin sho'lkemlestiriwde zamanago'y xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalari imkaniyatlarinan paydalalaniw, elektron xabar resurslari'n islep shi'g'i'w, pedagogikaliq sharayatlarin jetilistiriiw, oqitiwshi shaxsin ka'siplik rawajlaniwinin' pedagogikaliq tiykarlarri'n zamanago'y xabar texnologiyalar ko'rinisinde islep shig'iw , olardi ilimge engiziwdin' psixologiyaliq-pedagogikaliq talaplari'n aniqlaw qusag'an mashqalalardi izertlew temasini'n' «Oqiw protsessin sho'lkemlestiriwde informatsiyaliq texnologiyalar ha'm elektron resurslar mazmuni'» dep belgileniwine sebep boladi[15].

**Izertlewdin' maqseti:** Oqiw protsessin sho'lkemlestiriwde informatsiyaliq texnologiyalar ha'm elektron resurslar mazmuni'n jetilistiriw ha'mde a'meliyatta qollaniw.

**Izertlewdin' ilimiy ko'z qarasi:** eger, ta'lim sistemasinda oqi'w protsessin sho'lkemlestiriwde informatsiyali'q texnologiyalar ha'm eletron resurslardan paydalang'anda:

– informatsiyali'q texnologiyalar ha'm eletron resurslarin oqiw-ta'rbiya protsessinin' na'tiyjeliligin asiriwg'a qaratilg'an didaktikaliq ahmiyeti aniqlansa;

– informatsiyali'q texnologiyalar ha'm eletron resurslar ja'rdeminde ta'lim-ta'rbiya protsesslerin sho'lkemlestiriw ha'm basqariwdin' pedagogikaliq sistemasi qa'liplestirilse;

– pedagogikaliq izertlew mashqalalarinda informatsiyali'q texnologiyalar ha'm eletron resurslari'n ken' paydalani'w na'tiyjesinde jalg'iz xabar-sistemasi' jaratilsa;

– ta'lim ali'wshi'lardi'n' bilim ali'w ha'm o'zlestiriw na'tiyjeliligi, olardin' turmi'sli'q ta'jireybesin asiriwdin' informatsiyali'q texnologiyalar ha'm eletron resurslari'na bag'darlang'an qurallari' a'meliyatta qollanilsa, oqiwshilardi'm bilim sipati ha'm na'tiyjeliligi ja'nede asadi.

**Izertlew waziypalari:**

1. U'zliksiz bilimlendiriw sistemasi'nda informatsiyali'q texnologiyalar ha'm eletron resurslari'ni'n' mazmuni ha'm olardi qollaniwg'a baylanisli izertlewlerdi ali'pbari'w.

2. U'zliksiz bilimlendiriw sistemasi'nda informatsiyali'q texnologiyalar ha'm eletron resurslardi' engiziw basqariwdin' teoriyaliq –metodikaliq tiykarlari'n islep shig'iw.

3. Oqi'w protsessin so'lkemlestiriwdin' sipatin asiriwda informatsiyali'q texnologiyalar ha'm eletron resurslari'n engiziw sistemasi'ni'n' mazmunin islep shig'iw.

4. U'zliksiz ta'lim mashqalalarinin' informatsiyali'q texnologiyalar ha'm eletron resurslari tiykari'nda informatsiyalasqan ta'limdi rawajlandiriw.

5. Talabalar bilimin bahlaw ha'm o'zlestiriw monitoringinin' kompyuter sistemasi'n jarati'w.

6. Oqi'w protsessin sho'lkemlestiriw boyinsha electron oqiw-metodikaliq qollanbani' islep shi'g'i'w ha'm olardi' oqi'w protsessinde qollani'w.

**Izertlew obekti:** U'zliksiz ta'lim protsessinde oqi'w protsessin sho'lkemlestiriwde informatsiyali'q texnologiyalar ha'm eletron resurslardi' jarati'w ha'm oqi'w protsessine engiziw protsessi.

**Izertlew predmeti:** U'zliksiz ta'lim protsessinde oqi'w protsessin sho'lkemlestiriwde informatsiyali'q texnologiyalar ha'm eletron resurslardi' jarati'w ha'm oqi'w protsessine engiziwdin' teoriyaliq ha'm a'meliy tiykarlari'.

**Izertlew obekti.** U'zliksiz ta'lim protsessinde oqi'w protsessin sho'lkemlestiriwde informatsiyali'q texnologiyalar ha'm eletron resurslar imkaniyatlari'nan paydalanip oqi'ti'wshi'lardi' oqitiw protsessi.

**Izertlew metodlari:** analitikaliq analiz, pedagogikaliq proektlestiriw, sa'wbet, pedagogikaliq gu'zetiw, pedagogikaliq tajriybe, matematikaliq - statik metodlar, modulli woqitiw, wozbetinshe woqiw, woz – wozini qadag'alaw ha'm bahalaw.

**Izertlewdin' teoriyaliq tiykarlari to'mendegi jumislarg'a tiykarlanadi:**

-ta'limdi xabarlandiriwdin' teoriyasi, metodologiyasi ha'mde a'meliyati (A.A.Abduqodirov[4], M.Aripov[9], U.SH.Begimqulov[16], B.S.Gershunskiy[19], A.P.Ershov, V.A.Izvozchikov, M.P.Lapchik, E.I.Mashbits, V.M.Monaxov, A.V.Petrov, N.F.Talizina, N.I.TTaylaqov, V.Q.Qobulov ha'm basqalar);

-ta'limde xabar texnologiyalarin qollaniw kontseptsiyalari (A.H.Abdullayev, SH.S.Axrarov, U.SH.Begimqulov, I.B.Gotskaya, U.YU.Yuldashev, A.G'.Hayitov, R.H.Hamdamov ha'm basqalar).

**Ilimiy jan'alig'i:**

- Orta arnawli ka'sip-o'ner oqiw orinlari ha'm joqari oqiw orinlarinda Informatika pa'nin oqitiwda informatsiyaliq texnologiyalar ha'm elektron resurslardin' ahmiyetliligi u'yrenildi;

- Orta arnawli ka'sip-o'ner oqiw orinlari ha'm joqari oqiw orinlarinda Informatika pa'nin oqitiwda informatsiyaliq texnologiyalar ha'm elektron resurslardan paydalaniw imkanyatlari aniqlandi;

- Informatika pa'nin oqitiwda paydalani'lattug'in informatsiyaliq texnologiyalar ha'm elektron resurslar mazmunina qoyilatug'in talaplar belgilendi;

- Informatika pa'nin oqitiwdi informatsiyaliq texnologiyalar ha'm elektron resurslar imkaniyatlari'nan paydalanip sho'lkemlestiriw, alip bariw, talabalar o'z betinshe jumisin woz - wozin bahalaw arqali u'zliksiz qadag'alap bariwg'a imkan beretug'in elektron resurslar jaratildi.

**Izertlew natiyjelerinin' ilimiy ha'm a'meliy ahmiyeti:**

Informatikadan informatsiyaliq texnologiyalar ha'm elektron resurslardan oqi'wshi'lardin' individual wozbetinshe jumisina mo'lsherlengen woqiw - metodikaliq ta'miynatinin' jaratiliwi sabaqlarda wolardin' woqiw jumisin programmalastiriw ha'm basqarip bariwg'a imkan beredi. Shinig'iwlarda u'yreniletug'in woqiw materyali ko'lemi, talabalar wozlestiriwi lazim bolg'an

bilim ha’m tu’siniklerin ha’mde bunin’ ushin za’ru’r bolg’an qurallardi aldinnan belgilep beriliwi bilim aliwdi an’satlastiradi, talaba ha’m woqitiwshi waqitin tejeydi.

Woqiw barisin wozin - wozi bahalaw ha’m qadag’alaw tiykarinda sho’lkemlestiriliwi talabalardin’ o’z betinshe jumislardi worinlawg’a, bilim aliwg’a bolg’an qizig’iwshilig’in arttiradi; olar jumisin qollap quwatlaydi, woqitiwdin’ demokratik prinsiplerin rawajlandiradi.

**Wori’nlang`an jumi’sti’n` tiykarg`i’ na`tiyjeleri.** Informatikadan elektron resurs jaratilip, sabaqti sho’lkemlestiriw ha’m o’z betinshe u’yreniwdi ha’m bilimin woz - wozin bahalaw arqali uliwmaliq qadag’alap bariwg’a imkan beriwshi metodikaliq ta’miynat islep shig’ildi.

**Natiyjelerdin’ jaryalaniwi.** Izertlew natiyjeleri A’jiniyaz ati’ndag’i’ No’kis ma’mleketlik pedogogikali’q instituti, “Ilim ha’m ta’lim ta’rbiyada aldin’g’i ta’jriybeler, izertlew ha’m na’tiyjeler” konferentsiyasinda “Informatsion texnologiyalr va elektron resurslardin’ ahmiyeti”, Qaraqalpaq ma’mleketlik universitetinde o’tkerilgen respublikaliq ilimiy-teoriyaliq konferentsiyalarda “Talabalardin’ o’z betinshe jumislarin sho’lkemlestiriwde elektron oqiw resurslarinan paydalaniw” maqalalari ja’ryalang’an.

**Disertatsiyanin’ du’zilisi ha’m ko’lemi**. Disertatsiya kirisiw, u’sh bap, uliwma juwmaq, usinislar, a’debiyatlar dizimi ha’m qosimshalardan ibarat. Wonin’ uliwma kolemi 83 betti, sol qatarda, qosimshalar 2 betti quraydi. Paydalanilg’an a’debiyatlar diziminde 27 a’debiyat, sol qatarda, 4 internet saytlari keltirilgen.

# I BAP. TA'LIMDE XABAR - KOMMUNIKATSIYALIQ TEXNOLOGIYALAR

## 1.1. Ta'limde xabar - kommunikatsiya texnologiyalari'n qollani'wdi'n' pedagogikali'q tiykarlari'

O'zbekistan Respublikasinda du'nyanin' rawajlang'an ma'mleketleri siyaqli kompyuter ha'm xabar texnologiyalarin rawajlandiriwg'a ayriqsha itibar qaratpaqta. Respublikamiz prezidentinin' 2002 jil 30 mayda qabil qilg'an «Kompyuterlestiriwdi ja'nede rawajlandiriw ha'm xabar-kommunikatsiya texnologiyalarin qollaniw haqqinda'g'i Qarari ha'm sol tiykarinda qabil qiling'an. O'zbekistan Respublikasi Wa'zirler Mekemesinin' 2002 jil 6 iyundag'i "Kompyuterlestiriwdi ja'nede rawajlandiriw ha'm xabar kommunikatsiya texnologiyalarin qollaniw sharalarin ko'riw haqqinda" g'i 200– sanli Qarari xabarlandiriwdin' milliy dizimin rawajlandiriw, barliq tarawlarda zamanago'y xabar texnologiyalardi qollaniw, onnan paydalaniw, ja'ha'n xabar resurslarinan xabardar boliwdi ken'eytiwge qolayliliq jaratadi . Intelektual calohiyat ha'm xabar-texnologiyaliq rawajlaniwdin' protsessina ma'mlekettin' ekonomikasin, insanlar o'miri ha'm ja'ha'ndegi orni baylanisli bolip qalmaqta.

Zamanago'y texnologiyalardin' rawajlaniw barisi birinshi na'wbette ja'miyettin' intelektual ha'm ta'lim tarawinin' rawajlaniwina baylanisli. Ta'lim mazmuni ha'm sipati ma'seleleri ja'miyette mashqalali ma'sele sipatinda qaralip ta'limdi rawajlandiriw, onin' na'tiyjeliligin asiriw jollari izlenbekte, ta'limde jan'a xabar texnologiyalarin qollaniw pedagogikaliq izertlewler diqqat orayinan orin alg'an. Ja'ha'nde araliqtan oqitiw ashiq ta'lim diziminin' za'ru'r buwini sipatinda ken' qollaw jayilmaqta. Ta'lim sisteması dun'ya standartları da'rejesine jetkiziw usı reformalardın' baslı wazıypalardın' biri bolıp esaplanadı. Ja'ha'nde zamanago'y ta'limnin' xarakterli ta'repi sonda, ta'limdi

informatsiyalastırıw ha’m informatsiyalasqan ja’miyettin’ talabın esapqa alg’an halda kadrlardı tayarlaw bolıp esaplanadı. Bul O’zbekstan Respublikası ta’liminde de a’melge asırılmaqta, informatsiyalastırıw tarawında ma’mleket siyasatı “informatsiyalıq resurslar, informatsiyalıq texnologiyalar ha’m informatsiyalıq sistemalardı rawajlandırıw ha’mde jetilistiriwdin’ zamanago’y ja’ha’n printsiplerin esapqa alg’an halda milliy informatsiyalıq sistema jaratıwg’a qaratılg’an”. Usı protsessler kadrlardı tayarlaw sistemasında informatika pa’ninin’ ayrıqsha orın iyelew kerekligin ko’rsetip beredi.O’zbekstan Respublikasında milliy kadrlar tayarlaw sistemasında informatika teoriyalıq ha’m a’meliy informatika tarawındag’ı qa’nigelerdi ka’siplik tayarlaw bag’darı ha’m qa’nigelerdin’ ulıwma ta’lim da’rejesin payda etiwdin’ ayırıqsha elementi sıpatında qaraladı. Birinshi bag’dardın’ za’ru’rligi informatikanın’ bu’gingi ku’nde metafan sıpatında, yag’nıy onın’ a’hmiyeti a’lemnin’ zamanago’y ko’rinisin payda etiwde, informatika tu’siniklerinin’ fundamental qa’siyetleri ha’m metodologiyasının’ ulıwmalıg’ında anıq ko’rinbekte. Ekinshi bag’dar shen’berinde informatika tayarlanıp atırg’an kadrlardın’ informatsiyalıq ma’deniyatın qaliplestiriw wazıypasınan ibarat bolg’an ulıwma ta’lim pa’ni sıpatında payda boladı.

İnformatikanın’ tiykarg’ı tu’siniklerinen biri-bul informatsiyalıq kommuniktsiyalıq texnologiyası bolıp esaplanadı. Zamango’y xabar texnologiyalarinin’ ja’miyette tutqan ornina Prezident Islam Karimov itibar qaratip, «Eger biz ku’shli texnologiyalar, zamango’y xabar ha’m telekommunikatsiyalardi turmisimizda qollanbasaq, qanday qilip rawajlaniwg’a jetisemiz? Bul ma’sele, yag’niy O’zbekistannin’ keleshegi qanday boladi? degen soraw ha’miyshe bizlerdi oylandiradi, a’meliy jumislarg’a saparbar etiwi tiysli»ligin ayriqsha aytip o’tedi.[2]

Ja’ha’n tsivilizatsiyasinin’ xabar ortalig’inda ja’miyettin’ ha’r bir ag’zasi o’zinin’ ku’ndelik iskerliginde, u’zliksiz ra’wishte xabarlardan paydalanadi. Barqulla artip barip atirg’an xabarlar ko’lemi ja’miyettin’ intellektual da’reje

aliwg'a xi'zmet qiladi. Ja'miyettin' ha'r bir ag'zasi o'z turmisli'q iskerliginin' barliq tarawlarinda xabarlardan paydalaniwi xabardin' rawajlaniwina tiykar boladi. Zamanago'y xabar texnologiyalari ortalig'i, o'zinde xabar obektlerin, olardin' o'z –ara baylanisin, xabarlarin jaratiw o'zinde xabar obyektlerin, olardin' o'z-ara baylanisin, xabarlarin jaratiw, tarqatiw qayta islew, toplaw texnologiyalari ha'mde qurallarin, sonday-aq xabar barisinin' sho'lkemlestiriw-huquqiy strukturasin o'zinde tutadi.

Ilim, texnika ha'm texnologiyanin' rawajlani'wi'nin' bu'gingi da'rejesi menen bolajaq oqitiwshilardin' ka'siplik tayarlig'in jetilisyiriw protsessi arasindag'i ten'sizlikti saplastiriw, joqari pedagogikaliq ta'lim tarawinda zamanago'y pedagogikaliq ha'm xabar texnologiyalarinin' jeterli engizilmegenlig'i' sebepli ayriqsha za'ru'rlik tuwdirmaqta.[12]

Ilim ha'm texnika tarawinda payda bolip atirg'an jan'aliqlar, sabaqli'q mazmuni'na tez kiritiwdi talap etedi, bul bolsa oqiwshi'lardin' zamanago'y bilimlerinin' qa'liplesiwine tiykar jaratadi. Prezident I.A.Karimov «Jan'a bilimlerdi iyelemesten turip, bunnan bilay ha'reket ete almaymiz» dep bul ma'selege ayriqsha itibar bergen.[2] Zamanogo'y xabar texnologiyalarinin' qollaniliwi, tu'rli metodikaliq jandasi'wlarg'a o'z na'wbetinde, talabalarda ko'plep fundamental tusiniklerdin' an'sat, qolay ha'm bekkem qa'liplesiwine ken' imkaniyatlar jaratadi'.

**Ta'lim protsessin informatsiyalastiriw:**

- Shaxstin' intellektual ha'm a'meliy qa'biletin rawajlandiriwg'a;
- Ja'miyettin' ha'r bir ag'zasinin' o'z ta'jiriybesin asiriw ha'm xizmet tarawin o'zgertire ali'wi'na;
- Jedel ta'lim ushi'n sha'rt-sharayatlar jaratiw ha'm araliqtan oqitiw na'tiyjesin asiriwg'a imkan beredi.




1-rasm. O'zbekiston Respublikasi bo'yicha talabalar soni




2-rasm. OTM da 1 kompyuterga talabalar soni.

Joqari oqiw orinlarinda bir kompyuterge tuwra keletug'in talabalar sani 2006-jilda – 14.9; 2007-jilda – 14.4; 2008-jilda bolsa – 12.8 talabani qurag'an(2-su'wret).

Bizlerdin' o'mirimizge tezlik penen kirip kiyatirg'an informatsion ha'm kommunikatsion texnologiyalari du'niya boyinsha Internet tarmag'i jaratiliwi ha'm jeke kompyuterlerdin' ken' tarqaliwi na'tiyjesinde ju'zege keldi. Bolip atirg'an o'zgerisler, aldin ja'miyetke ta'sir ko'rsetken informatsiya almasiwi ha'm bilimler beriwshi ja'mi oylap tabiliwshilardan tek g'ana bir tariyxiy uqsasliqqa iye, yag'niy ja'miyet rawajlaniwi ushin tap sonday ta'sir ko'rsetken XV a'sirdin' 40-jillarinda Iogann Gutenberg jaratqan stanoktin' jaratiliwi siyaqli.

Keleshekte Gutenbergtin' oylap tawg'an zati o'zinen keyin, gazetadan tap televideniye ha'm Internetke shekem bolg'an jedel informatsiya almasiwi siyaqli baylanis formalarin rawajlaniwina alip keldi.

O'zbekistanda Internet tarmag'inan paydalaniwshilar

| Ko'rsetkishler | 2006 jil | 2007 jil | 2008 jil |
|---|---|---|---|
| Internetten paydalaniwshilar sani (min' adam) | 855 | 1700 | 2015 |
| Internetten paydalaniwshilardin' ja'mi xaliq sanina qatnasi | 3.3% | 6.4% | 7.4% |
| Xaliq sani (mln) | 26.5 | 26.7 | 27.4 |

Mobil baylanis abonentleri sani ha'm xaliq sanindag'i u'lesi

| Ko'rsetkishler | 2003 j | 2004 j | 2005 j | 2006 j | 2007 j | 2008 j |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Mobil baylanis abonentleri sani (min' adam) | 186.8 | 320.8 | 544.1 | 1149.9 | 2720.0 | 5888.2 |
| Mobil baylanis abonentlerinin' xaliq sanindag'i u'lesi | 0.7% | 1.2% | 2.0% | 4.4% | 10.2% | 22% |
| Xaliq sani (mln) | 25.4 | 25.7 | 26 | 26.5 | 26.7 | 27.4 |

Bilimlendiriw bag'dari'nda a'melge asip atirg'an differentsiyalaw ha'mde integratsiya protsesslerinin' oqitiwda o'z ko'rinisin jeterli da'rejede o'z sa'leleniwin tabalmay ati'rg'anli'g'i' bu'gingi u'zliksiz ta'lim sistemasi'nda belgili mashqalalardi keltirip shig'arip atir. A'sirese, bilim mazmuni ha'm toplang'an bay ilimiy mag'li'wmatlardin' onda sa'lelenbewi arasinda u'zilis ju'zege kelip ati'r atir.

Usi sebepten oqitiwdi ha'm oqiw materiallarin bayan etiwdi jetilistiriw printsiplerin qayta ko'rip shi'g'iw zaruriyati' payda bolmaqta. Bul arada belgilengen waziypalardi a'melge asiriwda ta'lim protsessine zamanago'y pedagogikaliq ha'm xabar texnologiyalarin engiziw, olardan paydalaniw maqsetke muwapi'q.

Zamanago'y bilim sistemasi' bag'darlang'an qa'siyetke iye boloiwi, yag'niy shaxsti'n' si'patlarina itiber bergen halda sho'lkemlestiriliwi, ma'nawiy ma'deniyat jan'a talaplar, texnika ha'm texnologiyalarg'a sa'ykes halda jetilistiriliwi zaru'r.

Shaxsqa ba'darlang'an oqitiw en' da'slep ta'limnin' paradigmasin o'zgertedi. Usi waqitqa shekem oqitw sistemasi'nda oqitiw joqari sanalg'an bolsa, hazirgi waqitta bar bolg'an ta'lim sistemasi'nda ja'miyyettin' xabarlastiriliwi da'wirinde u'stinlik – oqiwg'a, u'yretiwge qarati'lg'an. Sol sebepli ta'limnin' **oqi'ti'wshi – sabaqliq – oqi'wshi'** paradigmasi **oqi'wshi' – sabaqliq – oqi'ti'wshi** paradigmasi' menen orin almasiwi zarur.

Oqiw-metodikaliq xizmetti sho'lkemlestiriwde "Ta'limdi innovatsiyaliq rawajlandi'ri'wdi'n' jeti strategiyasi" to'mendegi su'wrette ko'rsetilgen printsipler tiykarinda islep shi'g'i'w usinis etiledi. Ha'r bir oqiw orni o'zinin' oqiw ha'm qadag'alaw maqsetlerin informatizatsiyalawdi' ishki imkaniyatlari ha'm da'stu'riy ta'miynati'n esapqa alg'an halda basqishpa-basqish sho'lkemlestiriw maqsetke muwapiq.




Zamanago'y pedagog kadrlar jan'a si'patqa iye bolip, onin' waziypasi en' aldi menen oqiwshi'lardi'n' o'z betinshe u'yreniwin ha'm olardi' turmi'sta qollay ali'w ko'nlikpelerin qa'liplestiriwge qarati'wi' kerek. Mug'allimdi bunday maqsetlerde oqitiwdin' metodlari, texnologiylardi sonday saylaw kerek, olar talabalarg'a aniq emes tayar bilimlerdi o'zlestiriwinde, ba'lki bilimlerdi tu'rli dereklerden o'z betinshe u'yreniwi, puxaranin' ko'z qarasinin' payda boliwi, oni tiykarlawi ha'm jetisken bilimlerdi jan'a bilimlerdi aliwda paydalaniw qa'nigelerine iye boliwi lazim. Bunday oqitiwdi rawajlandiriwshi desede boladi. Ilmiy tiykarlardi pedagogikaliq kadrlar tayarlaw mashqalalarg'a arnag'an bolip, olarg'a ma'sele ha'm mazmun ha'm ko'rinis (jiynaqlawshi tu'rdin' dizimi, bilim metodlari ha'mde zatlari)ta'repinen u'yretilgen. Sondayaq,pedagogikaliq ha'm xabar texnologiyalarin payda etiw arqali pa'n mug'allimin tayarlaw aqirinda A.A.Abduqodirov[4], N.N.Azizxodjaeva[5], M.Aripov[9], Sh.S.Axrarov[12], T.G.Vezirov, R.S.Gershunskiy[19], E.K.Osipova, E.S.Polat, E.I.Rogov, A.V.Suvorov, L.V.Shenshovlar bilim-ta'jirebede jumislardi alip barg'an. Usi ta'jireybede pedagogikaliq ha'm xabar texnologiyada qollaw ko'rgizbe ha'm ta'jireybelerge iye mug'a'llimlerdi tayarlaw ma'seleleri u'yrenilgen, biraq kompyuterlerdin' programmaliq ta'minlewdin' jaqsi tu'rde jan'alanip

baratqanlig'i, bilim tiykarinda qollawg'a imkan beretug'in taza pedagogikaliq ha'm da'sturiy tiykarlardin' payda bolip atirg'anlig'i sebepli bilim protsesslarin xabarlastiriw ko'rinislerin izleniwlerdin' qiyinlig'in ko'rsetpekte.

Bilim ko'rinisindegi pedagogikaliq ha'm xabar texnologiyalarin bir-birinen ajiratiw mu'mkin emes, sonliqtan pedagogikaliq texnologiyalarin ken' jayi'w bilim paradigmasin o'zgertedi, ol tek zamanago'y xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalari pedagogikaliq texnologiyalarin imkaniyatlarin joqari paydalaniwdi ta'miyinleydi.

## 1.2.Pedagogikali'q ta'limdi rawajlandi'ri'wda zamanago'y xabar texnologiyalar mazmuni'

Xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalari–qoyilg'an bilimiy ma'qsetlerge jetiwge imkan beretug'in, teoriyaliq aniqlang'an bilim protsessin a'melge asiriwdin' jollari, metodlar, usillari ha'mde jollarinin' mazmuni esaplanadi. Ol ha'r qanday pedagogikaliq dizimde –ilimiy mashqalalar menen o'zara mu'nasebette bolg'an tusinik. Biraq egerde ilimiy ma'sele, bilim-ta'rbiya maqsetlerine ko'rsetilgen bolsa, ol jag'dayda xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalari bilim –ta'rbiya jollari, olarg'a erisiw jollarin ko'rsetedi. Bul protsessde bilimiy ma'sele du'zilmesi talabalardin' pedagogikaliq tayarlig'in asiriw ha'm rawajlandiriw oqitiw maqsetinde rol oynaydi, uliwma halda ol bilim mazmuninin' o'zine derek ta'repin belgileydi.

Ta'limde xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalari jollarin qollaw a'melde ken'iyip baratirg'anlig'i sebepli bul joldag'i izleniwler o'z alina maqset etpekte. Ilimde ju'z berip atirg'an izleniwler, bilimdegi o'zgerisler dinamikasi Bilimde ju'z berip atirg'an aniq o'zgerisler menen baylanisli strategiyaliq izleniwler, bilimdegi o'zgerisler dinamikasi ozip ketiw imkaniyatin beriwshi mashqalali ko'rsetilgen temalardi a'melge asirwda B.S.Gershunskiy,

E.İ.Mashbits, N.D.Nikandrov, V.V.Serikov, A.V.Xutorskoylar ta'repinen aling'an natiyjeler o'zine tiysli orin tutadi.

Bilim da'rejesin rawajlandiriw barisinda N.A. Sizintseva, A.P.Tryapitsina, A.I.Fradkovlardin' izertlewlerdi shama menen talabalarg'a individual jaqinlawg'a qaratilg'an waziypalardi sheshiw protsessin rawajlandiriwg'a xizmet qiliwshi tu'rli bilimiy ko'rsetpeler jaratiw menen baylanisli faktorlar in aniqlap aliw imkaniyatin beriwde.

O'zbekstan Respublikasi' Prezidenti I.A.Karimov zamanago'y xabar kommunikatsiya texnologiyalari'n ken' rawajlandi'ri'w ma'selelerine ayri'qsha itibar qarati'p "Ha'zirgi waqi'tta qaysi' zamanago'y taraw yamasa tarmaqti' ali'p qaramayi'q bulardi'n' barli'g'i'ni'n' tariyix negizinde aldi'menen telekommunikatsiya ha'm xabar texnologiyalari' turg'ani'n en' rawajlang'an ma'mleketler ha'm uli'wma, du'niya ta'jriybesi mi'sali'nda ko'riw ha'm an'law qiyin emes" dep aytqan. [3]

Ta'lim protsessi'nde informatsiyali'q texnologiyalar ha'm elektron resursladan paydalani'w boyi'nsha O'zbekstan Respublikasi' Prezidentinin' "O'zbekstan Respublikasi'nin' ja'ma'a't ta'lim xabar tarmag'i'n sho'lkemlestiriw haqqi'nda" g'i' 2005 ji'l 28-sentiyabrdegi PQ-191-sanli' Qarari' O'zbekstan Respublikasi' Wazirlar Mekemesinin' "Kompyuterlestiriwdi ja'nede rawajlandi'ri'w ha'm xabar kommunikatsiya texnologiyalari'n qollani'w sharalari'n ko'riw haqqi'nda"g'i' 2002-ji'l 6-iyundag'i' 200-sanli' "Pedagog kadrlardi' qayta tayarlaw ha'm olardin' qa'nigeligin arttiriw dizimin ja'nede jedellestiriw tuwri'si'nda"g'i 2006-ji'l 16-fevraldag'i' 25-sanli' Qararlari'ni'n' qabi'l qi'li'ni'wi' usi ma'selege ma'mleket siyasati'ni'n' za'ru'r ma'sele si'pati'nda itibar qarati'lip ati'rg'ani'nan da'lildur.

Ma'lim bolg'ani'nday, ilim ha'm texnika jedel rawajlanip ati'rg'an bu'gingi ku'nde ko'plep ilimiy bilimler, tusinik ha'm elesletiwler ko'lemi keskin arti'p barmaqta . Bul bir ta'repten, pa'n ha'm texnikani'n' jan'a taraw ha'mde bo'limlerdin' payda boliwsebepli onin' differentsiyallasi'wi'n

ta'miyinlep ati'rg'an bolsa, ekinshi ta'repten, pa'nler arasi'nda integratsiya ja'g'dayi'n ju'zege keltirmekte.

Bunday sharayatta, joqari qanegelikli pedagoklarga bolg'an talaplar artip barip,barkamal awladti a'sirler dawaminda rawajlanip kelgen

Uliwma insaniu ha'm milliy qadiryatlar arqasinda ta'rbiyalawg'a iye,pa'nnin' fundamental sebeplerine,pedagogika ha'm psixalogiya metodlarin aniq iyelegen,ka'sibiy tayarliqti jaqsi da'rejede bolg'an ha'mde zamanabiy pedagok ha'm xabar texnologiyalarin a'melde qollaw ko'rgizbe ha'm ta'jireybege iye ijodkor pedagoklardi tayarlaw talap etiledi.

*Ta'lim beriw orinlarinda informatsialiq ta'lim texnologiyalari degende –* **oqitiwshi-kompyuter-talaba** sistemasin tu'siniw mu'mkin.

Informatsion ta'lim texnologiyalarinin' qurallari qatarina: kompyuter, skaner, vebkamera, videokamera, LCD proektor, faks modem, telefon, elektron poshta, multimedia qurallari, Internet ha'm Internet tarmaqlari, informatsiyaliq sistemalar, mag'liwmatlar bazasin basqariw sistemalari, jasalma joldas baylanis sistemasi, jasalma aqil sistemasi ha'm usillarg'a innovatsion texnologiyalar, tu'rli oqitiw metodlari (da'stu'riy, da'stu'riy emes), Internet ha'm Internet tarmaqlarinan (lokal ha'm global) paydalaniw usillari, telekommunikatsiya, araliqtan oqitiw, teleanjuman, videoanjuman, chat, forumlar o'tkeriwdi kiritiw mu'mkin.



Ha'zirgi waqitta xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyasin rawajlanidiriw ha'mde ken' ko'lemde qollaw jahan da'rejesin global tendentsiyasi esaplanadi. Yag'niy texnologiyalar ku'n sayin rawajlanip, ma'mlekette xabarlandiriw protsessin tez pa't penen rawajlanip atirg'an ha'zirgi da'wirde bilim tarawinda xabar resurslarin sho'lkemlestiriwge ayriqsha itibar qaratilmaqta. Biraq xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalarinin' tez pa't penen rawajlaniwina qaramay, ta'lim barisina zamanago'y texnologiyalardi , oqitiwdin' jan'a metodlari , tu'rleri ha'm qurallari boyinsha pedagogikaliq rawajlaniwdi qollaniw da'rejesin ha'zirshe jeterli dep bolmaydi.

Haqiyqatindada, jan'alang'an ta'lim protsessin qollaniwda ha'r bir oqitiwshinin' o'z pa'nine ha'm ba'rkamal a'wlad ta'lim-ta'rbiyasina baylanisli puxta u'yrenip alip, olardi o'z miynet iskerliginde na'tiyjeli qollay biliw ta'jriybesine iye boliwi bu'gingi ku'nnin' za'ru'r talabi.

Bakalavriyat ha'm magistratura qa'nigelikleri boyinsha pedagog kadrlar tayarlawdin' sipatin asiriwda talabalardi ilim-pa'n tariyqtin' en' son'gi' jen'slerinen xabardar qiliw za'ru'r ahimiyetke iye. Bu'gin pa'n ha'm texnika tarawindag'I janaliqlardi oqip da'stu'rleri mazmunina tez kiritiw talap etiledi ha'm bul arqali, zamanago'y bilimlerdi rawajlandiriwg'a zamin jaratiladi. Bunnan tisqari zamanago'y oqitiw texnologiyalari, olar menen baylanisli metodikaliq qollanbalar bolajaq oqitiwshilarda za'ru'riy bilimler , za'ru'r nizamlar, ko'plep pundamental tu'siniklerdi jen'il, teren' ha'm erkin, rawajlandiriw ushin qolay sha'rayat jaratadi.

Bilimlerdi o'zlestiriw pikirlewdi rawajlandiriwshi za'ru'r esaplansada, biraq bilimlerdi ha'r qanday o'zlestiriw yamasa iyelew talabanin' pikirlewine rawajlandiriwshi ta'sir ko'rsetpeydi. Iyelegen bilimlerin a'piwayi ta'kirarlaw talabalardin' erkin pikirlewlerin rawajlandiriwda jeterli bolmaydi. Erkin pikirlew iskerligin rawajlandiriw ju'da' za'ru'r. Bilimlerdi erkin iyelew iskerligi ha'm aling'an bilimlerdi qollaw protsessi jan'a bilimlerdi rawajlandiriwg'a, talabanin' na'tiyjeli pikirlewine aylanadi.

Sol sebepten ma'mleketimizde ha'm ja'ha'nnin' rawajlang'an ma'mleketlerinde ta'lim tarawin analiz etiw protsessinde pedagogikaliq ha'm xabar texnologiyalarinin' rawajlaniwi za'ru'r xabarlardi erkin izlep tabiw, mashqalani qoya biliw ha'm onin' sheshimin taba biliw, aling'an bilimlerdi kritikaliq analiz etiw ha'm jan'a ma'selelerdi sheshiwde qollawg'a say qa'nigelerdi tayarlawg'a bag'darlang'an. Sol sebepten, shaxsqa bag'darlang'an ta'limnin' za'ru'rligi ha'mmege belgili bolmaqta.

Shaxsqa bag'darlang'an oqitiw-bul talabanin' jeke oz'geshelikleri , qizig'iwlari, qa'biliyeti ha'mde imkaniyatin inabatqa aliwshi, pedagogikaliq ha'm xabar texnologiyalarinan talaba shaxsin rawajlandiriwda na'tiyjeli paydalaniwg'a qaratilg'an ptotsess. Sol sebepten, oqitiwdi differentsiyalaw ha'm individuallastiriw shaxsqa bag'darlang'an ta'limdi qollaniwdin' tiykarg'i waziypasi sipatinda xizmet qiladi.

Zamanago'y ja'miyette ta'lim protsessin rawajlandiriwdin' strategiyaliq bag'dari–bul insannin' tu'rli tarawlarda maqsetli g'a'rezsiz iskerligi tiykarinda onin' intelektual ha'm a'depli rawajlaniwi. Ja'ha'nnin' rawajlang'an ma'mleketleri qatarinda ma'mleketimizde ta'limdegi reforma protsessinde bil bag'dar bas bag'dar sipatinda qaralmaqta. Bunda to'mendegi waziypalarg'a itibar qaratiladi:

– ta'lim protsessin analizlew;

– o`z betinshe iskerlik printsin ta'lim ha'm ta'rbiyanin' tiykarg'i printsipi sipatinda ko'setiw;

– ta'lim protsessine zamanago'y xabar texnologiyalarin qollaniw.

Zamanago'y insannin' oqiw protsessi tek mektep, litsey yamasa kollej, joqari ta'lim mekemeleri menen tamamlanbaydi. Pedegoglar tinbay bilim ko'lemi ha'm shen'berin ken'eyttirip bariwlari ushin barha ha'm u'zliksiz ra'wishte pa'n jan'aliqlari menen tanisip bariwlari lazim. Demek, u'zliksiz ta'lim –da'wir talabi. Sonin' ushinda bu'gin zamanago'y xabar texnologiyalarina ayriqsha imkaniyatlar jaratilmaqta.

XXI a'sir xabar texnologiyalar a'srinde ta'lim tarawin xabarlandiriw, ha'r bir ta'lim mekemelerinde to'mendegi protsesslerdi a'melge asiriwdi talap qiladi:

1) Oqitiw ha'm oqiw protsesslerin informatsiyalawda.

2) Ta'lim mekemelerin basqariwdi informatsiyalaw

3) Ta'lim mekemeleri iskerligi ortalig'in informatsiyalaw.

Ta'lim protsessinde xabar texnologiyalarin qollaniwda, zamanago'y texnologiyalardi qollaw tarawin ken'eyttiredi. Ta'limde zamanago'y xabar texnologiyalarinin' rawajlanip atirg'an to'mendegi bag'darlarin ayriqsha aytiw mu'mkin:

1. Oqiw maqsetlerindegi programmaliq qurallarinin' imkaniyatlarin oqitiw qurali, u'yreniw obekti ha'm xabarlardi qayta islew qurali sipatinda qollaniw.

2. Oqiw- metodikaliq imkaniyatlar jaratiwda , oqiw-ko'rgizbeli a'sbaplar ha'm kompyutar qurallari imkaniyatlarinin' integratsiyasi. Bunday imkaniyatlardan paydalaniw talabag'a u'yrenilip atirg'an protsess haqqindag'i xabarlardi ja'mlew, saqlaw, protsesslerdin' nizamlarin ha'm ma'nisin aship beriwge ja'rdem beredi. Zamanago'y texnologiyalar negizindegi oqiw imkaniyatlarinin' qollaniliwi individual ha'm toparliq eksperiment iskerligin sho'lkemlestiriwge qolayliq jaratadi. Bul bolsa, talabalarda individual ha'm rawajlandiriw ha'm erkin bilim aliw imkaniyatin ken'eyttiredi.

3. Multemediya programmasin jaratiwda kompyuterler ha'm audio-video xabarlardi uzatiw qurallari imkaniyatlarinin' integratsiyasina erisiw. Bunday dizimler o'zinde programmaliq qurallar ha'm a'sbaplar imkaniyatin ken'eyttirip, xabardin' tu'rli ( tekst, grafika, dawis), ko'rinislerin birlestiredi ha'm paydalaniwshi menen interaktiv baylanisti sho'lkemlestiredi. Multemedia da'stu'rinen paydalaniw, oqitiw metodlari ha'm tu'rlerin qollaniwdi ta'miyinleydi, xabarlardi qabil qiliw da'rejesin asiradi.

4. Jasalma intelekt da’stu’ri imkaniyatlarinan intelektual oqitiw da’stu’rin jaratiwda paydalaniw. Bunday oqitiw da’stu’rleri erkin bilim aliw protsessin sho’lkemlestiriw, bilimlerin erkin o’zlestiriw, oqiw iskerligin intelektuallastiriwdi rawajlandiriwg’a qolayliliq jaratadi. Bular barligi talaba shaxsin rawajlandiriw protsessin jedellestiredi.

5. Global ha’m local kompyuter tarmaqlari arqali xabar almasiwin ta’miyinlewshi xabar ha’m kommunukatsiya qurallarinan paydalaniw[7].

Xabar ha’m kommunikatsiya baylanisin (sinxron,asinxron) qisqa waqitta tezlik penen innavatsion texnologiyalarinin’ tarqaliwina, talabalardin’ intelektual rawajlaniwina ja’rdem beredi.

6. Xabar almasiwinin’ jan’a texnologiyasi – bul real waqit rejiminde stereoskopik su’wretlew da’stu’ri, yag’niy “Virtual haqiyqiyliq” esaplanadi.

Bunday da’stu’rlerden stereometriya, sizbashiliq, injinerlik garfikasi siyaqli pa’nlerdi oqitiwda paydalaniw, qa’nigelerdin’ ka’siplik tayarliq na’tiyjeliligin ja’nede asiradi.

Zamanago’y xabar texnologiyalarinin’ ta’lim protsessinde qollaniliwi:

– talabag’a ka’siplik bilimlerin iyelewine ;

– u’yrenilip atirg’an ha’diyse ha’m protsesslerdi modellestiriw arqali pa’n tarawin teren’ o’zlestiriliwine;

– oqiw iskerliginin’ ha’r-tu’rli sho’lkemlestiriliwi sebepten talabanin’ erkin iskerligi tarawinin’ ken’eyiwine;

– interaktiv baylanis imkaniyatlardin’ qollaniliwi tiykarinda oqitiw protsessin individuallastiriw ha’m differentsiyallastiriwg’a;

– jasalma intelekt dizimi imkaniyatlarinan paydalaniw arqali talabanin’ oqiw materiallari o’zlestiriw strategiyasin iyelewine;

– xabar ja’miyeti ag’zasi sipatinda onda xabar ma’deniyatinin’ rawajlaniwina;

– u’yrenilip atirg’an protsess ha’m ha’diyselerdi kompyuter texnologiyalari qurallarinda ko’rsetiw, talabalarda pa’nge qizig’iwgi ha’m tez islewge ha’reket etiwi menen ahimiyetli.

### 1.3. Ta’lim protsessinin’ informatsiyaliq ta’miynati’ ha’m oni’ basqari’w sistemasi

Pedagogika ha’m xabar texnologiyalarin bir-birinen aji’ratiw mu’mkin emes, sebebi zamanago’y pedagogikaliq texnologiyalardin’ ken’ qollaniliwi ta’lim paradigmasin o’zgerttiredi ha’m tek ta’lim protsessin xabarlandiriw pedagogikaliq texnologiyalardn na’tiyjeli paydalaniw imkaniyatin jaratadi.

Pedagogikaliq ta’lim protsessin xabarlandiriw ta’limnin’ mazmun ha’m ma’nisin rawajlandiriwg’a alip keledi. Da’stu’riy ha’m zamanago’y xabar texnologiyalari ortalig’i pedagogikaliq ta’limlerdin’ tiykarg’i ko’rsetkishlerin salaistiriw xabarlastirilg’an pedagogikaliq ta’limnin’ keleshegi bar ekenligin aniq ko’rsetedi. Buni to’mendegi pikirler tiykarindada da’lillew mu’mkin. Da’stu’riy didaktika o’z aldina shaxsti aqiliy rawajlandiriw, onin’ oqiw iskerliginde bilimdi o’zlestiriw, qa’nige ha’m ko’nlikpelerin iyelew protsessin optimallastiriwg’a qaratilg’an metodikaliq usillardi jaratiwg’a qaratilg’an oqitiw teoriyasin rawajlandiriwdi maqset qilip qoyadi.

Xabarlastirilg’an pedagogikaliq ta’limde didaktika ja’miyettin’ zamanago’y za’ru’rligine mas keliwshi ta’lim ha’m ta’rbiya teoriyasin ko’rsetip, ol shaxstin’ intelektual rawajlaniwin jedellestiriwshi ta’lim maqsetlerine erisiwdi ta’miyinlewge bag’darlang’an pedagogikaliq ta’sirge iye bolip, shaxstin’ intellektual potentsiyal ko’rsetiw ha’m rawajlandiriwdi o’zinin’ tiykarg’I maqseti qilip qoyadi. Bul maqsetke, zamanago’y xabar, texnologiyalarinin’ imkaniyatlarin qollaniw arqali na’tiyjelilikke erisiw mu’mkin.

Zamanago’y xabar texnologiyalarin pedagogikaliq ta’lim protsessine qollaniw talaba shaxsinin’:

– pikirlewin;

– optimal qarar qabil qiliw qa’nigesin;

– kommunukativ qabiliyetin;

– estetikaliq ta’rbiyasin;

– ka’siplik qa’nige ha’m ko’nikpelerin;

– xabar ma’deniyatin rawajlandiriwdi ta’miyinleydi.

Zamanago’y xabar texnologiyalari, oqiw-ta’rbiya protsessinin’ barliq basqishlarin jedellestiredi. Bunda xabar texnologiyalarinan paydalaniw tiykarinda, ta’lim protsessinin’ sipati ha’m na’tiyjeliliginin’ artiwi, talabalardin’ biliw iskerlikleri ku’sheyiwi intensivlesiwi, pa’nler de baylanistin’ teren’lesiwi baqlanadi.

Xabar texnologiyalarin qollaniw arqali na’tiyjelilikke erisiw imkaniyatin beretug’in ha’mde ahimiyetli metodikaliq maqsetlerge:

– oqiw protsessin individuallastiriw ha’m differentsiyalaw;

– keri baylanis arqali oqiw iskerligi baqlawin alip bariw;

– o’z-o’zin baqlaw;

– oqiw materiallarin oz’lestiriw protsessinde shinig’iw islew ha’m bekkem tayarliqti sho’lkemlestiriw;

– bilimlerin iyelewdi intensivlestiriw;

– oqiw xabarlarin kompyuter arqali vizuallastiriw;

– u’yrenilip atirg’an ha’diyse ha’m protsessti modellestiriw;

– kompyuterde laboratoriya jumislarin orinlaw;

– xabar mag’liwmatlar bazasin jaratiw ha’m onnan paydalaniw;

– talabalardi oqiw materialin o’zlestiriw strategiyasi menen qurallandiriw;

– pikirlewdi rawajlandiriw;

– optimal qarar qabil qiliw qa’nigesin rawajlandiriw;

– talabalarda xabar ma’deniyatin rswajlandiriw arqali erisiledi.

Zamanago'y xabar texnologiyalari mikro ha'm makro du'niyadag'i, mashqalali qurilmalar ha'm biologiyaliq dizimlerdegi ha'diyse ha'm protsesslerdi kompyuter grafikasi ha'm modellestiriwden paydalaniw tiykarinda u'yreniw, ju'da' u'lken yamasa ju'da' kishi tezlikte ju'zege keletug'in fizikaliq, ximiyaliq ha'm biologiyaliq protsesslerdi qolay waqit o'sheminde usiniw siyaqli didaktikaliq misallardi sheshiw imkaniyatin beredi.

Ta'limde zamanago'y xabar ha'm kommunukatsiya texnologiyalarinin' ken' qolaniliwi:

- pa'n tarawlarin xabarlandiriq;
- oqiw iskerligin intellektuallastiriw;
- integratsiya protsesslerin teren'lestiriwdi;
- ta'limnin' infradu'zilmesi ha'm oni basqariw mexanizmlerin qa'liplestiriwge alip keledi.

Bizin' pikirimizshe, ta'limdi xabarlandiriw degende ta'lim ta'rbiyanin' psixologiyaliq-pedagogikaliq maqsetlerin a'melge asiriwda zamanago'y xabar texnologiyalarinan paydalaniw, ta'limde electron xabar ta'lim resurslarin jaratiw, kompyuter texnologiyalarin qollaniw a'meliyati ha'm metodologiyasi menen ta'miyinlew na'zerde tutilg'an.

Ha'zirgi ku'nde kompyuterler ta'lim sistemasinda tiykarinan to'rt bag'darda:

- U'yreniw obyekti sipatinda;
- Oqitiwdin' texnik qurali sipatinda;
- Ta'limdi basqariwda;
- Ilimiy-pedagogikaliq izleniwde paydalanilmaqta.

Ta'limdi avtomatlastiriw:

- Ta'limde informatsiyalastiriw buwinlarin ta'minlew;
- Bilim beriwdi avtomatlastiriw;

- Ta’limdi avtomatlastiriwdin’ normaliq tiykarlarin jaratiw;
- Telekommunikatsiya tarmaqlarin ja’riyalaw;
- Ta’miynat o’nimlerin jaratiw siyaqli tarawlardi qamirap aladi.

Ta’limdi avtomatlastiriw ushin:

- kompyuter, modem, da’stu’riy ta’miynat;
- tekst konstruktorlari, modeler;
- informatsiyalar jiynag’i ha’m texnikaliq ko’nlikpeler trenajyorleri za’ru’r.

Bul protsess, birinshiden integrallasqan oqiw ha’m ilimiy mag’liwmatlar bazasin jaratiw, olardan paydalaniw tiykarinda ta’limdi xabarlar menen ta’miyinlew mexanizimin tezlestiriw; ekinshiden, zamanago’y xabarlasqan ja’miyette, shaxsti rawajlandiriw maqsetinde ta’lim ta’rbiyanin’ sho’lkemlestiriw ko’rinisleri, metodlari, mazmunin tan’law metodologiyasin rawajlandiriwdi; u’shinshiden, talabalardin’ intellektual potentsiyalin rawajlandiriwg’a, olarda erkin bilim aliw qa’nigesin rawajlandiriwg’a bag’darlang’an oqitiwdin’ metodikaliq dizimin jaratiw; to’rtinshiden, talabalar bilimin bahalaw ha’m o’zlestiriw monitorinin’ kompyuter dizimin jaratiwdi ha’m olardan paydalaniwdi maqset qiladi.

Ta’limdi xabarlandiriw ha’m zamanago’y xabar texnologiyalarinan paydalaniw protsessi, oqitiwdin’ sho’lkemlestiriwshilik ha’m jan’a metodlarin rawajlandiriwg’a alip keledi.

Ta’limde xabar texnologiyalarin qollaniwdi sho’lkemlestiriw ha’m a’melge asiriwda iskerlik ju’ritiw algoritminin’: (*ta’lim-ta’rbiya maqsetler haqqindag’i oy-o’risin rawajlandiriw*); a’melge asiriw ( *oqitiw-ta’rbiyalaw metodlari, usillari ha’m qurallarin ko’zde tutilg’an izbe-izlikte a’melge asiriw*); baqlaw ha’m du’zetiw basqishlari izbe-izligine a’mel qilinadi.

Ta’limdi xabarlandiriw protsessin oqiw materiallarinin’ mazmuni ha’m ko’leminin’ o’zgeriwine, oqiw pa’nleri (kurslari) da’stu’rlerin qayta islep shig’iwg’a, ayriqsha temalar yamasa pa’nlerdin’ integrallasiwina tiykar boladi. Bul oqiw pa’nlerinin’ mazmun ha’m du’zilisinin’ o’zgeriwine, ta’limnin’ mazmuni ha’m du’zilisinin’ o’zgeriwine alip keledi

Bul protsesske parallel rawishte, talabalar bilim na’tiyjesin asiriw mashqalasina kompyuter texnologiyalari tiykarindagi’ innavatsion texnologiyasin qollaniw lazim boladi.

Ta’lim protsessinde zamanago’y xabar ha’m kommunukatsiya texnologiyalari imkaniyatlarinan paydalaniw sebepli oqiw iskerliginin’ ken’eyiwi sabaqliqlar, basqa oqitiw qurallarina bolg’an didaktikaliq talaplardin’ sipat o’zgerislerine sebep boladi.

Ha’zirdi ku’nde O’zbekistanda barliq mektep oqitiwshilari information ta’lim texnologiyalarin biliwi talap etiledi. Ha’zirgi ku’nde 60% oqitiwshi olardi oqiw protsessinde qollay aladi. Uliwmaliq orta mekteplerdegi kompyuterler sani 1 mln. nan asip barmaqta. 12-17 jasli oqiwshilardin’ ha’mmesi u’y tapsirmalarin ha’m o’z betinshe jumislarin kompyuterde orinlaydi’.

Kanada da 80% jurnalistlerdin’ pikirinshe information texnologiyalari: ta’limge unamli ta’sir etedi. Solardan, oqiwshilar u’y tapsirmasin orinlaw ushin kompyuterden (52%), kalkulyatordan (26%), enseklopediyadan (8%) ha’m so’zliklerden (6%) paydalanadi eken.



Ha’zirgi ta’lim orinlari zamanago’y kompyuter, xabar ha’m kommunukatsiya texnologiyalari tiykarinda sho’lkemlestirilmekte. Bul o’z nawbetinde pedagoglardin’ o’z miynet iskerligine jan’asha iykemlesiwin talap etedi.

Texnologiyalardi tan’lawda en’ na’tiyjeli jollardan biri-bul multemediali da’stu’rler. Oqiw protsessi ushin texnologiyalardi tan’lawda to’mendegi za’ru’r faktorlar:

– oqiw protsessinde jan’a texnologiyalardan paydalanip ta’limnin’ maqsetlerine erisiwdi ta’miyinlewdin’ za’ru’rliligi;

– en’ zamanago’y qimbat bahali texnologiyalar menen bir qatarda, arzan ha’m da’stu’riy texnologiyalar da na’tiyje beriwi za’ru’rligi;

– oqitiw na’tiyjeleri xabar ha’m kommunikatsiys yamasa xabar texnologiyalarinin’ tu’rine qarap emes, ba’lkim kurslardi jaratiw, olardi uzatiw sipatina baylanislig’i;

– texnologiyalardi tan’lawda talabalardin’ jeke qa’siyetlerine, pa’n tarawi o’zine say ta’replerine, oqiw shinig’iwlari tapsirmalari ha’m shinig’iwlardin’ mazmunina itibar qaratiw kerekligin aytip o’tiw kerek.

Ta’lim mazmunin ha’m onin’ sipatin jaqsilaw ma’seleleri joqari ma’sele sipatinda qaralip atirg’an ha’zirgi waqitta ta’limde zamanago’y xabar texnologiyalarin qollaniw, onin’ rawajlaniwina ha’m na’tiyjeliliginin’ asiwina qolayliq jaratadi. Kompyuterdin’ ta’limde ken’ qollaniwinin’ na’tiyjesinde “Ta’limde xabar texnologiyalari” atamasi payda boldi. Uliwma aytqanda, ta’limde qollanip atirg’an xabar texnologiyalarin pedagogikaliq texnologiyalar sipatinda qaraw mu’mkin. Sebebi ta’lim texnologiyaliq protsesstin’ tiykarin xabar ha’m onin’ ha’reketi quraydi. Pikirimizge ko’re, kompyuterden paydalaniwg’a tiykarlang’an ta’lim texnologiyalari ushin “ Kompyuter texnologiyalari” atamasi mu’na’sip sanaladi.

Kompyuter texnologiyalari programmalastirilg’an oqitiw ideyasin rawajlandiradi, kompyuter ha’m xabar-kommunikatsiya texnologiyalarinin’

u'lken imkaniyatlari menen baylanisli oqitiwdin' jan'a texnologiyaliq variantlarin aship beredi. Kompyuter texnologiyalari – kompyuter tiykarinda talabalar ushin xabarlardi tayarlaw, saqlaw, qayta islew ha'm jetkeriw protsessi. Kompyuter texnologiyalarin tomendegi variantlarda ko'rsetiw mu'mkin:

I. "Kirip bariwshi" texnologiyalar (ayriqsha temalar, bo'limler boyinsha ma'lim bir didaktikaliq ma'seleler ushin kompyuter oqitiwdi qollaw.)

II. Tiykarg'i, qollanilip atirg'an aniq texnologiyalardan ju'da' za'ru'r bo'limdi aniqlawshi.

III. Monotexnologiyalar(ta'lim, oqiw iskerligin basqariw, diagnz ha'm monitoringdi a'melge asiriwda kompyuterlerdi qollawg'a tiykarlanbag'an).

Ta'lim mekemelerinde zamanago'y xabar texnologiyalari ortaliq sho'lkemlestiriw basqishlari psixologiyaliq xabar ortalig'in jaratiwdan baslanadi. Texnologiyaliq ha'm ilimiy na'tiyjeler, jaratilg'an da'stu'riy o'nim tiykarinda zamanago'y qural ha'mde metodlardan paydalaniwg'a imkaniyat tuwdiriladi. Bunda ta'lim mekemelerinde xabar texnologiyalari boyinsha ayriqsha kurslardi sho'lkemlestiriw, pedagoglardi sol kursta oqitiw arqali pedagoglardin' kompyuterden paydalaniw qa'nigesin rawajlandiriw talap etiledi.

Bul kurslar aqirinda pedagoglar kompyuter texnologiyalarinan paydalaniw ko'nikpesi menen birgelikte olardi a'meliyatta qollaw boyinsha to'mendegi:

– jan'a oqiw materiallarin tu'sindiriwde kompyuterdin' ko'rsetiw imkaniyatlarinan paydalaniw;

– Internet, u'yretiwshi ha'm baqlawshi da'stu'riy programmalar tiykarinda sabaqlardi sho'kkemlestiriw;

– sabaqlarg'a metodikaliq tayarlaniw, qosimsha xabarlardi izlew ha'm taqlaw, didaktikaliq materiallardi tayarlaw;

– kompyuter rexnologiyalarinan oqiw protsessin sho'lkemlestiriw ha'm basqariwda paydalaniw qa'nigelerine iye boliwlari maqsetke muwapiq.

Kompyuterdi oqiw protsessinde ken' qollaniw pa'nlerdi oqitiwda patdalaniw imkaniyati bolg'an xabar texnologiyalari qurallari menen bezelgen oqiw klaslarin sho'lkemlestiriw tiykarinda a'melge asiriliwin maqsetke muwapiq dep esaplaymiz. Oqitiwdi kompyuterlestiriw tar ma'nide kompyuterlerdi oqitiw qurali sipatinda qollaw bolsa, ken' ma'nide oqiw protsessinde kompyuterlerden u'nemli paydalaniw. Oqitiwdi kompyuterlestiriwdin' tiykarg'i maqseti jas a'wladti informatsiyaliq ja'miyetke tayarlaw ha'm xabar texnologiyalari qurallarin qollaniw arqali ta'lim na'tiyjeliligin asiriwdan ibarat.

Kompyuterler ja'rdeminde oqitiwdin' rawajlaniw tariyxinda da'tu'riy ha'm intellektual oqitiw da'stu'rin ajratiw mu'mkin. Intellectual oqitiw da'stu'rlerinin' tiykarg'I maqseti oqiw ma'selelerin orinlaw basqishlari oz'gesheliklerin esapqa alg'an halda oqiw iskerligin a'melge asiriw ha'm basqariwdan ibarat. Intellectual oqitiw da'tu'rlerinde indevidualIastirilg'an oqitiw talaplarinin' dinamik modeli tiykarinda a'melge asiriladi. Bunday da'stu'rler talabalar ha'm kompyuter ortasinda basqariw waziypalarin bo'listiriw imkaniyatin beriw arqali talabalarda oqiw iskerligin ju'zege keltiriwde jan'a oqiw tapsirmalarin beredi, jan'a erkin oqiwg'a u'yretiwge optimal o'tiw a'melge asirilad.

Kompyuterler qurallarinda oqitiw, oqiw protsessinin' barliq ta'replerine na'tiyjeli ta'sir ko'rsetedi. Kompyuterlerdin' oqitiw mazminina ta'siri talabalarg'a ko'plep imkaniyatlar aship beredi. Bul kompyuterlerdin' oqiw materiallarin ko'rsetiw imkaniyatlari joqari ekenligi, jasalma intellect ideyalarinin' qollaniliwi, talabalarga' ko'plep xabarlardi jetkeriw qurali ekenligi menen baylanisli. Ekinshi ta'repten kompyuterler oqitiw mazmunina ha'r tu'rli evristik qurallarin kiritedi. Kompyuterlerdin' ahimiyetli

ta'replerinen biri olardi integratsiyalasqan oqiw pa'nlerin jaratiwg'a real imkaniyat ju'zege keltiriw.

Oqiw maqsetlerinde kompyuterlerden paydalaniw talabalardin' iskerligin unamli ta'repke o'zgertedi. Endi talaba oqitiwshidan soramaydi' za'ru'r xabarlardi erkin izlep tabiwg'a, yag'niy erkin izertlew jumislarin alip bariw imkaniyatlarina iye boladi. Kompyuter ja'rdeminde oqitiwdin' ekinshi bag'dari kompyuterlerdi u'yreniw obekti sipatinda qollaw. Kompyuterler qurallari menen oqitiw ta'limnin' barliq mashqalalarin sheshiwge alip kelmeydi. Kompyuter oqiw protsessinde pedagog iskerligin shegaralamaydi, o'z na'wbetinde informatsiyaliq texnologiyalari da'stu'riy texnologiyalardin' ornin toliq qaplap almaydi. Tekstte tayarlang'an didaktikaliq materiallar oqiw protsessi imkaniyatlarin ken'eyttiredi, yag'niy bul protsessti na'tiyjeli ha'm ha'r-tu'rli qiladi ha'mde talabalardin' bilimlerin ken'eyttiriwge qizig'iwshilig'in asiradi. Electron-slaydlardan sabaqta ko'rgizbeli material sipatinda paydalaniw pedagogqa ken' imkaniyatlar jaratip beredi. Oqiw materialinin' electron animatsiyalar ko'rinisinde beriliwi o'tilip atirg'an temani o'zlestiriliwin jen'illestiredi. Salaydlardi talabalarg'a tarqatpa materiallar sipatinda da tarqatiw mu'mkin.

Slaydlarg'a talabalar o'zlerinin' pikirlerin bayan etiwleri mu'mkin ha'm bul arqali olar xabarlar menen islewdin' to'mendegi ko'nlikpelerine iye boladi:

– grafikaliq informatsiyalardi tekst ko'riniske keltiriw yamasa kerisinshe;

– o'zinin' oqiw-biliw iskerligin rejelestiriw.

*I bap boyinsha juwmaq*

Joqarida keltirilgen jag’daylar pedagogika pa’ni paradigmasinin’ ha’m onnan kelip shig’ip ta’lim-ta’rbiya teoriyasinin’ quraminin’ o’zgeriwine alip keledi.

Pedagogikaliq ta’lim protsessin zamanago’y informatsiyaliq texnologiyalari tiykarinda na’tiyjeli sho’lkemlestiriw:

– pedagoglar ortasinda waziypalardin’ bo’listiriliwi;

– ta’lim protsessin sho’lkemlestiriwdi rejelestiriw ha’m pedagogikaliq iskerliktin’ na’tiyjeliligin monitoring etiwdi qadag’alw.

Zamanago’y texnologiyalar tiykarindag’i pedagogikaliq iskerlik:

– ta’limnin’ texnologiyaliq tiykarin tez rawajlaniwi menen baylanisli ra’wishte kurslardi jaratiwdag’i mashqalali protsessti jen’illesiwin;

– oqiw kurslarin jaratiwda arnawli qa’nigelerdin’ qa’liplesiwi;

Bu’gingi ku’nde pedagogikaliq ta’lim na’tiyjeliligin asiriwda qatar sheshimin tapqan mashqalalar bar. Bul mashqalalar ta’lim tarawin informatsiyalaw, zamanago’y informatsiyaliq texnologiyalar tarawinda oqiwshilarg’a bilim beriw, pedagoglardin’ zamanago’y xabar ha’m kommunikatsiya texnologiyalardan paydalaniw uqi’pliliginin’ jeterli emesligi menen baylanisli bolmaqta.

Zamanago’y xabar texnologiyalarin ta’limde ken’ qollaniliwina unamsiz ta’sir ko’rsetip atirg’an to’mendegi sebeplerdi de keltiriw mu’mkin:

– ta’limdi informatsiyalawg’a pedagogikaliq toparlardin’ jeterli da’rejede tayar emesligi;

– kompyuter u’yretiwshi da’stu’rlerdin’ imkaniyatlari, haqqinda metodikaliq islenbelerdin’ jeterli emesligi;

– ta’limde xabar texnologiyalari boyinsha qa’nigelerdin’ jetkiliksiz ekenligi.

Bul mashqalalardin’ sheshiwdin’ za’ru’r ta’repleri pedagoglardin’ ta’limdi informatizatsiyalawg’a bolg’an mu’na’sebeti sanaladi. Informatzatsiyalaw sharayatinda pedagoglardin’ ro’li ja’nede asadi.

# II BAP. ELEKTRON XABAR-TA'LIM RESURSLARIN JARATIW TEORIYASI

## 2.1. Ta'lim protsessinin' informatsiyalasqan tarmag'i'

Texnologiya sistemasinda reformalawdin' za'ru'r bag'darlarinan biri - xabar ha'm kommunukatsiya texnologiyalari menen ta'lim protsessin sistemali integratsiyalaw ha'm oni basqariw esaplanadi. Reformalar protsessinde basli waziypa qilip oqiw protsessin sho'lkemlestrip , onin' mazmunin tu'pten jan'alaw, kompyuterlesken aymaqta oqitiwshinin' pedagogikaliq iskerligi ha'm talabalardin' bilim aliq protsessin sho'lkemlestiriw belgilenedi.

Ta'lim protsessin informatsiyalawdi rawajlandiriw ayriqsha ta'lim mekemelerinin' xabar resurslarin birlestiriw arqali xabar ma'ka'nlarin jaratiw menen baylanisli. Bunday orinlardi sho'lkemlestiriwde , aldi menen ta'lim mekemelerinde informatsiyalawdi sho'lkemlestiriw, yag'niy barliq oqiw, administrativlik ha'm xojaliq xizmetlerin, kitapxana ha'm basqariw bo'limlerin jalg'iz tarmaqqa birlestiriw, olardin' internet dizimine shig'iw imkaniyatlarin jaratiw, ta'lim mekemelerinde oqiw protsessin baqlaw, hu'jjetler electron almasiwin ha'mde xabar texnologiyalari negizinde jeke oqiw metodikaliq qollanbalardi jaratiw arqali talabalardin' erkin ta'lim iskerligin sho'lkemlestiriw siyaqli waziypalardi a'melge asiriw za'ru'r boladi. Ha'zirde bunday waziypalardi orinlawda elektron ta'lim tarmag'i' texnologiyalardi jaratiw arqali xabar-ta'lim resurslarinan paydalaniwdi sho'lkemlestiriw mu'mkin.

Ta'lim mekemesinin' xabar-ta'limdi rawajlandiriwdin' za'ru'r bag'darlarinan biri oqiw protsessinde xabar ha'm telekommunikatsiya texnologiyalarinan paydalaniw esaplanadi. Xabrlardi analizlew xabar ta'lim resurslarinan paydalaniwdi jen'illestiredi. Elektron ta'lim tarmag'inin' jaratiliwi xabarlardi logikaliq ta'rtiplew ha'm analizlewge ja'rdem beredi.




Elektron ta’lim tarmag’i’n jaratiwdin’ ilimiy metodikaliq tiykarlarina E.M. Komarevtsev, A.N. Tixonovlardin’ bir qatar jumislari bag’ishlang’an. Biraq Elektron ta’lim tarmag’i’nda elektron ta’lim resurslarinan paydalaniw metodikasi ha’zirshe jeterli da’rejede izertlenbegen.

Ta’lim ortalig’in jaratiwda tayarliqtin’ joqari talaplar da’rejesinde boliwi, mazmunnin’ maqsetke muwapiqlig’i, xabarlardin’ analizleniwin ta’miyinlew xabar-ta’lim ortalig’in jaratiw ha’m oni rawajlandiriwda iykemlesiwdi a’melge asiriwdi sha’rt qilip qoyadi. Ta’limdi informatsiyalawdin’ mazmuni birinshiden, xabar ha’m kommunikatsiya texnologiyalardi qollaniw arqali talabalarg’a ta’lim aliw imkaniyatlarin ken’eyttiriwdi, ekinshiden, talabalardin’ erkin ta’lim aliw imkaniyatlarin asiriw, zamanago’y xabar texnologiyalarin o’zlestiriw ha’m qosimsha ta’lim resurslarinan paydalaniwdi sho’lkemlestiriw arqali ta’li sipatin asiriw imkaniyatlarina bag’darlang’an boladi.




Oqiw protsessinde ekin ta'lim aliw da'rejesin asiriwdi yag'niy ta'lim resurslarinan paydalaniwdi ko'rsetedi. Bunday waziypalardi a'melge asiriw ushin xabar ta'lim resuralarin jaratiw lazim.

Elektron ta'lim tarmag'i' paydalaniwshig'a xabarlardi a'piwayi navigatsiya ha'm ken' ko'lemli qolay interfeys arqali jetkeriw ushin tu'rli xabar resurslarin birlestiriwshi telekommunikatsiya tarmag'i bolip:

– ko'p sanli paydalaniwshilarg'a xizmet ko'rsetiw;
– xabarlar ko'leminin' ken'ligi;
– tiykarg'i tarmaq portallarin qollaw;
– an'sat ha'm na'tiyjeli qidiriw diziminin' qollaniliwi;
– xabar resurslari integratsiyasi ;
– informatsiya qa'wipsizligin ta'miyinlew;
– informatsiyalardi da'rejelew;
– bilimlerdi basqariw - analiz qiliw menen xarakterlenedi.

Elektron ta'lim tarmag'inin' ko'rsetkishi onda aniqlang'an xabarlardin' ko'lemi, yag'niy xabar resurslari ko'lemi menen aniqlanadi.

Ha'r qanday elektron ta'lim tarmag'inin' maqseti-paydalaniwshig'a za'ru'r xabarlardi qisqa waqitta ha'm tu'rli interfeysler arasindag'i o'tiwlerdi artiqsha ziyansiz usiniwdan ibarat boladi.

Elektron ta'lim tarmag'in sho'lkemlestiriw, en' aldi menen, pedagogikaliq-psixologiyaliq talaplarg'a juwap beriw kerek. Pedagogikaliq ha'm psixologiyaliq talaplarg'a say bolg'an ta'lim tarmag'i'n sho'lkemlestiriw ushin to'mendegi printspler za'ru'r boli'p esaplanadi:

– usinilip atirg'an xabar resurslari isenimli, tiyisli pa'nnin' ha'zirgi jag'dayina mas, izbe-iz , ko'rgizbeli, a'meliyat penen baylanisqan boliwi;

– oqiw materialari ilimiyligi ha'm qabil qiliniwi an'satlig'inin' oz-ara optimal variantinda berliwi.;

– oqiw-metodikaliq materiallardin' bayan etiliw shaxsqa bag'darlang'an boliwi kerek.

Xabar ta'lim resurslari da'stu'rlerinin' mazmunina mas boliwi menen birge talabalarg'a za'ru'r ko'nlikpe ha'm qa'nigeligin arttiriwin ta'miyinlewshi tapsirmalar ha'm waziypalrdan sho'lkemlestiriliwi, talabalar o'zlestiriliwi lazim bolg'an bilimler ko'lemin aniqlaw, ma'lim bir logikaliq dizimde usiniliwi, u'zliksiz ha'm u'zlikli qa'siyetlerge mas keliwi, son'inda, dizimli qa'siyetlerge juwap bere aliwi za'ru'r. Sonday-aq, ta'lim resurslari talabalardin' tayarliq da'rejesine mas boliwi maqsetke muwapiq sanaladi.

Elektron ta'lim tarmag'inin' paydalaniwshi interfeysi tarmaqta jaylastirilg'an resurslardin' arasinda ko'rgizbeli ko'rsetiliwi, bir bo'limnen basqa bo'limge logikaliq ha'm tez o'tiwin ta'miyinlewi lazim.

Usinilip atirg'an xabar-ta'lim resurslarin erkin ta'lim ushin tapsirmalardi, o'zlestirilgen bilimlerdi tekseriw ushin test sinawlarin, unamli pikirlewdi rawajlandiriwg'a qaratilg'an tapsirmalardi, bilimlerdi bekkemlewge qaratilg'an shinig'iwlardi o'zinde rawajlandirg'an boladi

Elektron ta’lim tarmag’i ushin multimedia materiallarin tan’lawda olardin’ xabar mazmuni, du’ziw- qurami, uz’liksizligi ha’m xabarlardi usiniw ko’lemlerine itibar qaratiw kerek. Multimedia materiallari xabarlardin’ erkin deregi sipatinda resurslardi an’sat oz’lestiriwge, olardin’ mazmunin aship beriwge xizmet qiladi.

Texnologiyaliq ta’repten xabar ta’lim resurslari’ to’mendegi talaplarg’a juwap beriwleri lazim:

– giperbag’itlardin’ boliwi;

– birgeliktegi iskerlikti ta’miyinlew;

– o’zinde bar resurslardi basqariw;

– paydalaniwshilardi basqariwi;

– baqlaw alip bariw;

– bilimlerdi basqariwi;

– kommunikatsiyani ta’miyinlew;

– qidiriwdi ta’miyinlew;

– ruxsat etilmegen kiriwden barliq resurslardi qorg’awi, xabar qa’wipsizligin ta’miyinlewi;

– dizimge ruxsat beriw, yag’niy qaytadan o’tiwdi sho’lkemlestiriw za’ru’r.

Elektron ta’lim tarmag’i’ to’mendegi u’sh za’ru’r basqishlardin’ o’z-ara baylanislig’in ta’miyinleydi:

– mazmun basqishi – bul basqish portalinin’ xabar-ta’lim resurslarin sho’lkemlestiriw ha’m onin’ xabar ta’miynati mazmuni jaratiladi;

– sho’lkemlestiriwshilik basqish – bul basqishta portal jaratiwdin’ texnikaliq ta’repleri menen bir qatarda, paydalaniwshilardin’ tayipasin aniqlastiriw, bar bolg’an resurslardi dizimlew ha’m jan’alap bariw mexanizmlerin islep shig’iw ta’lim mekemelerindegi bar bolg’an resurslardi integratsiyalaw, araliqtan oqitiwdi sho’lkemlestiriw, xabar ta’lim resurslarina

bolg'an talapti aniqlaw maqsetinde portal paydalaniwshilari boyinsha statistikaliq mag'liwmatlardi jiynaw ha'm analizlew a'melge asiriladi;

– metodikaliq ta'miyna't basqishi– bul basqishta tarmaq texnologiyalarinan oqiw protsessinde paydalaniw metodikasin islep shig'iw, ma'sla'ha't xizmetlerin orinlaw jolg'a qoyiladi.

## 2.2. Oqiw orinlarinin' integrallasqan informatsiyaliq-talim resurslari tu'rleri

O'zbekstan ta'lim –ta'rbiya tarawin analizlewdin' tiykarg'i o'zgesheliklerinen biri bul protsesslerge zamanago'y xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalarin qollaniw menen batylanisli bolip, respublikamiz prezidenti I.A.Karimov bul ma'selede "….bu'gin turmizimizg'a teren' kirip baratirg'an Internet resurslarin ken' qollaniw, jaslarimizdi O'zbekstannin' a'yyemgi ha'm bay tariyxi, qa'diriyatlarimiz, joqari a'dep-ikramliq paziyletler ruwqinda ta'rbiyalawg'a xizmet qilatug'in milliy xabar resurslarin rawajlandiriwg'a, bunda o'zbek tilinin' imkaniyatlarinan na'tiyjeli paydalaniw ma'selesi ba'rha' itibarimiz orayinda turiwi lazim" lig'in aytadi. Bunday waziypalardi a'melge asiriw kadrlar tayarlaw milliy modelin a'melge asiriw basqishlarinda belgilep berilgen bo'lip, onin' keleshegi erkinligi Prezidentimiz ta'repinen ilimiy tiykarlap berildi. Moduldi a'meliyatqa usiniw oqiw protsessin texnologiyalastiriw menen u'zliksiz baylanisli. Ilimiy texnikaliq rawajlani'w islep shig'ariwdin' ko'p sanli tarmaqlari menen bir qatarda ta'lim tarawina da zamanago'y xabar texnologiyalarin qollaniw qadag'alanbaqta. Sol sebepten, Kadrlar tayarlaw milliy da'stu'ri "oqiw-ta'rbiyaliq protsessti aldın`g`ı pedagogikaliq ha'm xabar texnologiyalari menen ta'miyinlew" za'ru'rligi usinildi, onin' ekinshi ha'm u'shinshi basqishlarinda orinlanatug'in ayriqsha waziypalarinan biri sipatinda belgilendi. Ne ushin bu'gingi ku'ni ta'limde xabar texnologiyalarin qollaniwdin' teoriyaliq

tiykarlarin jaratiw ha'm a'meliyatqa usiniw za'ru'riyati payda boldi. Birinshiden, oqitiwshini oqiw protsessinin' jetekshisi sipatinda emes, ba'lkim bilimlerdi iyelew deregine aylanip qalip atirg'anlig'in aytiw mu'mkin.

Ekinshiden, ilimiy –texnikaliq rawajlanip atirg'an basqishinda informatsiyalardin' keskin artip baratirg'anlig'i' ha'm olardan oqitiw protsessinde paydalaniw ushin waqittin' shegaralang'anlig'i, sonin' menen birge talabalardi ka'sibiy xizmetke teren'nen tayarlaw talaplari ta'lim sistemasinda zamanagoy texnologiyalardi jariya etiwdi talap etedi.

Ma'mleketimizde ta'lim tarawinda ju'z berip atirg'an tu'pten jan'alaniwlar ha'r bir ta'lim tarawlarinda oqiw protsesinde metodik ta'miyinlewdi rawajlandiriwdi talap etedi.




Zamanagoy xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalari jaqin jillar ishinde pedagogikaliq innovatsiyalardin' tiykarg'i' deregii bolip qaladi.

Ta'lim aliwshilar ushin jeke ta'lim aliw imkaniyatlarin, ta'limnin' elektron xabar resurslarin payda etiw ha'm rawajlandiriw ushin za'ru'r

sharayatlardi jaratiw ta’lim mazmunin jetilistiriwdin’ za’ru’riy sha’rtlerinen biri bolip esaplanadi.

Zamanagoy ta’lim sistemasinin’ tiykarin joqari sipatli ha’m joqari texnologiyali ortaliq payda etedi. Onin’ jaratiliwi ha’m rawajlaniwin texnik ta’repten quramali, biraq bunday ortaliq ta’lim sistemasin Takomillashtirishga, ta’limde xabaq kommunikatsiyalarin texnologiyalarin jariyalawg’a xizmet qiladi.

Zamanagoy xabar ha’m kommunikatsiya texnologiyalari xabar-ta’lim resurslarin jaratiw, saqlaw, jetkerip beriw, izlep tabiw siyaqli protsesslerdi optimallastiriw imkaniyatlarin ju’zege keltiredi.




Zamanagoy xabar ha’m kommunikatsiya texnologiyalari xabar-ta’lim resurslarin jaratiw, saqlaw, jetkerip beriw, izlep tabiw siyaqli protsesslerdi optimallastiriw imkaniyatlarin ju’zege keltiredi. Ha’zirde ta’lim orinlarinda electron ko’riniste tu’rli pedagogikaliq xabar ta’lim resurslari jaratilg’an,

biraq olardan paydalaniwdin’ sho’lkemlestiriw tiykarlarin jaratiw barisindag’i izertlewlerdi jeterli dep bolmaydi. Bul birinshi na’wbette, ilimiy-metodikaliq ta’miynattin’, pedagogikaliq ta’lim protsessinde zamanagoy xabar ha’m kommunikatsiya texnologiyalarin qollawdin’ texnik, sonin’ menen birge metodik mashqalalari jeterli da’rejede u’yrenilmegenligi menen baylanisli. Ta’lim protsessinde xabar kommunkatsiya texnologiyalarin ayriqsha ta’lim orinlarinda ja’riya etiliwi barisinda jetiskenliklerge erisildi, biraq integrallasqan xabar ta’lim resurslarin rawajlandiriw barisindag’i sho’lkemlerdi sipat jag’inan jan’a da’rejege ko’teriw za’ru’r. Sol mu’na’sibet penen to’mendegi mashqalalarg’a itibar qaratiw talap etiledi:

- erisilgen unamli na’tiyjelerdi uliwmalastiriw ha’m rawajlandiriw tiykarinda pedagogikaliq ta’limnin’ xabar-ta’limi tarmag’in jaratiw.
- ta’lim sipatin asiriw maqsetinde xabar ta’lim tarmag’i’ resurslarinan paydalaniw texnologiyalarin islep shig’iw.

Solay etip, pedagogikaliq ta’lim protsessinde informatsiyalawg’a xizmet qilatug’in, integrallasqan xabar ta’lim resurslarin o’zinde qa’liplestirgen elektron ta’lim tarmag’i’n jaratiw pedagogikaliq kadrlar tayarlawdi jedellestiriwdin’ ahimiyetli sha’rti sipatinda ko’rinedi.

Xabar ta’lim tarmag’i pedagogikaliq oqiw orinlari ushin xizmet etiwi menen birge, oqiw pitkeriwshilerine buyirtpashilar ushinda paydali esaplanadi. Elektron ta’limtarmag’i’ uliwma orta ta’lim oqiw orinlari, akademiyaliq litsey ha’m ka’sip o’ner kolledjleri, ta’limdi basqariw organlari basshilari ushin joqari oqiw orinlarinin’ pitkeriwshileri boyinsha xabar deregi bolip xizmet etedi, ta’lim ximetrlerin usiniwshilar ha’m onin’ tutiniwshilar menen jan’a ko’rinistegi o’z-ara baylanisti jolg’a qoyadi.

O’zbekistan Respublikasi pedagogikaliq ta’lim protseslerinin’ jalg’iz elektron xabar-ta’lim ortalig’i ta’lim protsesi qatnasiwshilarin na’tiyjeli o’z-ara baylanisin ta’miyinlewshi, pedagogikaliq xabar ta’lim resurslarinan birgelikte paydalaniw imkaniyatin beriwshi, zamanagoy xabar ha’m

kommunikatsiya texnologiyalarin rawajlandiriwshi factor siptinda xabar ta'lim resurslarinin' ashiq strukturasin ju'zrge keltiredi.

Da'stu'riy ha'm electron ko'rinistegi oqiw materillari ta'lim ortalig'inin' quram bo'legi sipatinda bir-birin toltiriwlari za'ru'r ahmiyetke iye. Zamanagoy xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalarinin' imkaniyatlarinan paydalaniw pedagogikaliq ta'limdi rawajlandiriwdin' mashqalali ma'selelerin sheshiwde ja'rdem beredi.

Elektron ta'lim tarmag'in pedagogikaliq ta'lim ortalig'inin' birligin, pedagogikaliq ta'lim sipatin, onin' rawajlaniwin, ilimiy pedagogikaliq da'rejesin na'tiyjeli paydalaniwdi jolg'a qoyiw sipatinda qaraw mu'mkin.

Bunday elektron ta'lim tarmaqti rawajlandiriw ushin pedagogikaliq oqiw orinlarin kompyuterlestiriwdi jetilistiriw, telekommunukatsiya tarmaqlarin ja'nede rawajlandiriw, xabar-ta'lim resurslarin sistemalastiriw ha'm olardi tarmaq resurslari sipatinda hu'jjetlestiriw talap etiledi. Sonin' menen bir qatarda, pedagogikaliq kadrlardi zamanagoy xabar kommunikatsiya texnologiyalarinan ta'lim sistemasinda paydalaniw boyinsha a'meliy ko'nlikpelerdi rawajlandiriw kerek[7]. Elektron ta'lim tarmag'inin' oqiw metodik ta'miynatin rawajlandiriw ha'mde sol arqali electron xabar-ta'lim resurslarin jedellestiriw elektron xabar- ta'lim ortalig'in payda etiw en' ahmiyetli waziypa bolip esaplanadi.

Solay etip, jalg'iz elektron xabar- ta'lim ortalig'in payda etiw ushin to'mendegi waziypalardi a'melge asiriw kerek.

1. Oqiw orinlarin kompyuterlestiriwdi rawajlandiriw, pa'nlerdi oqitiw boyinsha da'stu'riy o'nimler menen ta'miyinlew, electron hu'jjet almasiwin rawajlandiriw.
2. Pedagog kadrlardin' ta'limde xabar ha'm kommunkatsiya texnologiyalardan paydalaniwlari boyinsha qa'nigeligin asiriw sistemasin rawajlandiriw
3. Ta'lim xabarlandiriwdin' ilimiy-metodikali'q ta'miynatin

rawajlandiriw, electron oqiw baspalarin ha’m xabar-ta’lim resurslarin jaratiw.

4. Texnikaliq xizmet ko’rsetiw ha’m xabar texnologiyalari oraylarin rawajlandiriw.

Bizin’ pikirimizshe, jalg’iz elektron xabar- ta’lim ortalig’in payda etiw ma’resimleri to’mendegi sha’rtler boyinsha alip barilg’an maqsetke muwapiq boladi.

–Elektron ta’lim tarmag’in jaratiw, rawajlandiriw ha’m g’alabalastiriw, onin’ du’zilisin ken’eytiriw.

–ha’r bir pedagogikaliq oqiw orinlarinin’ xabar-ta’lim resurslarina kiriw ushin birdey imkaniyat jaratiw.

–integrallasqan oqiw, ilimiy ha’m basqa mag’liwmatlar bazasin jaratiw.

–Oqiw orinlari arasinda elektron hu’jjet almasiw sistemasin sho’lkemlestiriw.

– ta’lim ha’m basqariw zamanagoy xabar texnologiyalarin qollaniw;

– u’zliksiz ta’lim sistemasi, u’zliksiz pedagogikaliq ta’lim sistemasina araliqtan ta’lim elementlerin engiziw.

–araliqtan oqitiwdin’ qa’nigeligin asiriwdin’ texnikaliq -texnologiyaliq shart-sharayatlarin jaratiw;

-joqari ha’m orta arnawli ta’lim wazirligi tarmag’i menen xabar resurslarin sa’ykeslestiriw;

## II bap boyinsha juwmaq

Elektron ta’lim tarmag’inin’ jaratiliwi to’mendegi na’tiyjelerge erisiw imkaniyatin beredi:

– respublika pedagogikaliq ta’lim mekemelelerinin’ xabar-ta’lim ortalig’i jaratiladi;

– xabar-ta’lim resurslarin rawajlandiradi (elektron kitapxananin’ jaratiliwi, elektron sabaqliq ha’m da’stu’riy emes xabar tasiwshilar fondinin’ rawajlaniwi, mag’liwmatlar bazasinin’ jaratiliwi);

– pedagogikaliq ta’lim tarawinda telekommunikatsiya tarmag’i ortaligi rawajlandiriladi;

– ta’lim ha’m oni basqariwi boyinsha xabarlarg’a kiriw imkaniyatin ta’miyinlewshi infrasistema rawajlandiriladi;

– jan’ xabar-ta’lim ortalig’in rawajlandiradi, ta’limde xabar ha’m kommunikatsiya texnologiyalarinan paydalaniwdin’ siyasiy-ppsixologiyaliq tiykarlari jaratiladi;

– jan’a xabar ma’deniyatina iye pedagogikaliq ha’m basqariw kadrlarin rawajlandiriw arqali pedagogikaliq ta’lim sipati asiriladi;

– jan’a ta’lim texnologiyalarinin’ ilimiy ha’m metodikaliq ta’miynati’ strukturasi jaratiladi ;

– ta’lim xabarlarina, xabar resurslarina g’alabaliq ta’miyinlewi, hu’jjetlerdi uzatiw, esapqa aliq mexanizmin strukturalawi, respublika pedagogikaliq ta’limnin’ halati boyinsha xabarlardi ja’maatshilik ushin ashiqlig’i a’melge asiriladi;

– araliqtan oqiw-metodikaliq ta’lim ta’miynati’ rawajlandiriladi.

Joqaridag’ilardan kelip shig’ip, joqari pedagogikaliq ta’lim orinlarinin’ elektron xabar-ta’lim ortalig’inin’ qollaniliwi pedagogikaliq ta’limnin’ sipatin ha’m xabar ta’miynati’n rawajlandiriwg’a qolay sha’rayatlar jaratadi. Biraq pedagogikaliq ta’lim protsesslerin jedel rawajlaniwina bolg’an talaplar artip baratirg’anlig’in esapqa alip , onin’ ha’zirgi jag’dayin kritikaliq qarap shig’iw ha’m zamanago’y xabar texnologiyalarinin’ imkaniyatlarinan ken’ paydalaniwin sho’lkemlestiriw za’ru’r dep esaplaymiz.

# III BAP. OQIW-TA’RBIYALIQ PROTSESSIN SHO’LKEMLESTIRIWDIN’ KOMPYUTER TEXNOLOGIYALARI

## 3.1. Xabar texnologiyalari’ ortalig’inda elektron resurslar bazasin jaratiw

Ta’lim strukturasi’ rawajlaniwinin’ ha’zirgi jag’dayin informatsiyalarsiz ko’z aldimizg’a keltiriw mu’mkin emes. Haqiyqatindada, zamanago’y xabar texnologiyalarinan paydalaniw ta’lim sipatin asiriwg’a qolayliliq jaratadi. Bunda pedagogikaliq protsesstin’ mazmuni teren’lesedi, oqitiwdin’ innavatsion modelleri qollaniladi, talaba ha’m pedagoglardin’ birgeliktegi iskerligi sho’lkemlestiriledi. Ha’r qanday ta’lim mekemesinde oqiw protsessin xabarlandiriwdin’ za’ru’riy sha’rti sipatinda zamanago’y xabar texnologiyalarin ha’m basqariwda, ha’m ta’lim-ta’rbiya protsessine qollaniw boyinsha maqset ha’m jandasiwlardi islep shig’iw esaplanadi.

Oqiw protsessin xabarlandiriw texnologiyaliq, pedagogikaliq, sho’lkemlestiriw isleri menen baylanisli mashqalali ha’m ko’p ta’repli ma’selelerdi orinlawdi talap etedi.

Oqitiwdin’ kompyuter texnologiyalarin qollaniw ushin bunday texnologiyalardi o’zlestirgen pedagog, aldi menen programmaliq ta’miynat ha’m elektron oqiw-metodikaliq qurallar (ta’limiy elektron resurslar) siyaqli sho’lkemlestiriwshilerdi o’zlestiriwi za’ru’r.

Insaniyattin’ XXI a’sirge qa’demi onin’ barliq iskerliginde globallasiw basqishina tuwri keldi. Globallasiw protsessi, insaniyatti rawajlang’an ha’zirgi zaman texnikasinda ha’mde jan’a texnologiyalarda, xabardin’ ortalig’inda iskerlik ko’rsetiwi lazimlig’in ta`kidlamoqda.

Sol globallasiw protsessinde ha’r bir ta’lim mekemesi, birinshi na’wbette, oqitwishi kadrlar tayarlawshi joqari ta’lim mekemeleri ushin jan’a ta’lim programmasin islep shig’iw ha’m sipatli pedagogikaliq kadrlardi tayarlawda tuwri jollardi tan’lawlari ju’da’ za’ru’r.

Bul ma’selede qa’nigelerden I.K.Shalaev ha’m A.A.Veryaevlar ta’limnin’ da’stu’riy ortalig’inan onin’ xabarlasqan ortalig’ina o’tiw boyinsha to’mendegishe pikirler ju’rgizgenler: “… Tsivilizatsiyanin’ rawajlaniw da’wiri sheklengen boliwina qaramay , sol da’wirden baslap-aq ta’lim strukturasinin’ u’zliksizligin bayqaw mu’mkin. Erisilgen ta’jriybeler tiykarinan qalaliq (ortaliq ha’m waqit boyinsha) jil menen keying a’wladlarg’a uzatilg’an. A`sirese, sol da’wir ushin xarakterli bolg’an ma’deniy rawajlanıwının` ko’rinislerinen biri. Ta’limiy ortaliq sol da’wirlerde ju’da’ ta’biyiyligi menen ajralg’an. A’ste-a’ste za’ru’rlik ko’leminen insanlar, bunday ta’limiy ortaliqti jeke rawajlandiriw ushin ha’reket etken. Til ha’m jaziwdin’ rawajlaniw menen insaniyat ta’jriybesi tu’rli qurallarda ta’kirarlanip, oni tarqatiw imkaniyati payda bolg’an. Insan ta’jriybesin ortaliqtin’ basqa bir jerindede basqa bir waqitta a’melge asiriw imkaniyati tuwilg’an. Xabardi saqlaw ha’m oni uzatiw boyinsha imkaniyatlardin’ payda boliwi,siyasiy rawajlaniwlar tezliginin` o’siwine ha’mde ta’lim ortalig’inin’ rawajlaniwina alip keledi”.

XXI a’sirde xabar-ta’lim qurallari tariyxinda keskin rawajlaniwlar baqlanbaqta. Bul bolsa ta’limnin’ da’stu’riy modelindegi “oqitiw qurallari” tu’siniklerinen, pedagogikaliq iskerliginde “ta’limiy ortaliq” tu’sinigine, zamanago’y xabar ha’m kommunikatsiya texnologiyalarinin’ tez pa’t penen rawajlandiriwda’wirinde “elektron xabar-ta’lim ortalig’I” tu’sinigine o’tilmekte.

Xabar ha’m kommunikatsiya texnologiyalarinin’ ja’ha’n ko’leminde rawajlaniwi, insan turmisinin’ tu’rli ta’replerinde, ekonomikaliq, siyasiy, ma’deniy ha’mde ta’lim bag’darinda bir-birine baylanisli ekenlikleri aniq ko’riniste boliwina alip keldi. Ha’zirgi zaman xabar ha’m kompyuter texnologiyalarinin’ imkaniyatlari global Internet tarmag’inin’ payda boliwi ha’m onin’ insandi ko’p ta’repli iskerligine kirip bariwi mu’na’sebeti menen ja’nede artpaqta.

Ta’limde a’melge asirilip atirg’an reformalar tu’rli regionlarda ha’m oqiw mekemelerinde o’tip atirg’an ta’limnin’ globallasiwi ha’mde rawajlaniwi

menen Internet tarmag'inin' ku'shli rawajlaniwi imkaniyatlarinan paydalaniw ashiq ta'lim strukturasin ju'zege keltirmekte.

V.I.Strajev pikirine qosilip, zamanago'y ha'm da'stu'riy, individual ha'm universal ha'mde qalaliq ha'm ja'ha'n ta'lim strukturasin sa'ykeslestiriw tiykarinda zamanago'y ta'lim rawajlanbaqta dep esaplaymiz. N.V. Makarova ta'lim struktura insannin' ma'deniy ha'm intellectual rawajlaniw da'rejesine qaratilg'anlig'i menen birge miynet bazarinan mu'na'sip jumis tabiwi, ku'ndelikli za'ru'rligin ta'miyinlewi ushin tiykar sanaladi ha'm talaba ta'lim strukturasinin' tezlesiwin miynet bazari talaplarina say maslasiw bariwi lazim dep esaplaydi. Demek, bu'gingi ta'limnin' za'ru'r mashqalalarinan biri bolg'an da'stu'riy ta'lim struktura ha'm texnologiyasinan informatsiyalasqan ja'miyet sharayatina mas bolg'an sipat da'rejesinen zamanago'y ta'lim strukturag'a o'tiw lazimlig'i ayqin bolmaqta.

Talabalardin' biliw iskerligin basqariw na'tiyjeliligi sebepli da'stu'riy oqitiwdin' tiykarg'i kemshilikleri sipatinda to'mendegilerdi keltiriw mu'mkin:

– bir basqariw organi (oqitiwshi) ha'm ko'p basqariliwshi elementler (tu'rli tayarliqqa iye), jan'a oqitiwshi aldina tu'rli da'rejedegi basqariw obektlerin bir tu'rli sipatda basqariw za'ru'riyati qoyilg'an;

– talabalar ta'repinen oqiw materiallarin o'zlestiriliwin baqlaw dayimiy emes. Oqitiwshida talabalardin' o'zlestiriw da'rejesin jaildam biliw imkaniyati joq, jan'a ol ha'r bir talabag'a ko'rsetiletug'in pedagogikaliq ta'sirin basqariw imkaniyatina iye emes. Keri baylanis ba'rha islemeydi, mag'liwmatlar keshigip yamasa toliq bolmag'an formada jetip keledi;

– oqiw auditoriyasinda oqitiwshinin' iskerligi barliq talabalardi qamrap almaydi. Pedagog ma'lim bir talabalarg'a basqa talabalardin' esabina diqqatin qaratadi;

– oqitiwshinin' talabalarin barha' biliw iskerligi halatinda uslap turiw imkaniyati da'rejesi sheklengen. Ta'lim aliw -bul eki ta'repleme protsess, eger bir ta'rep, shaqan bolmasa ta'lim na'tiyjeliligi sezilerli pa'seyedi.

Joqarida ko'rsetilgen kemshiliklerdi saplastiriw etiw ko'p ta'repten ta'limde xabar texnologiyalarin qollaniliwina baylanisli. Oqiw iskerligin basqariw waziypalarin a'melge asiriwda kompyuter texnologiyalarin oqitiw qurali sipatinda qollaw mu'mkin. Sol sebepten, ta'lim mekemesinde xabar texnologiyalari ortalig'in rawajlandiriwda, aldimenen kompyuterlerden pedagogikaliq ta'lim protsesslerin informatsiyalaw jumisin basqariw qurali sipatinda qabil qalinadi.

Ta'limdi xabarlastiriw jumisinin' bas maqseti jan'a xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalarin qollaw tiykarinda qa'nigelik kadrlardi tayarlawdin' sipati ha'm na'tiyjeliligin asiriwdan ibarat.

Zamanago'y pedagoglar, qa'nigeligine baylanisli bilimlerge iye boliwi menen birge, pa'nlerdi oqitiwda xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalarinin' barliq imkaniyatlarinan na'tiyjeli paydalana aliwi, talabalarda bul texnologiyalardi a'melde qollaw qa'nigesin rawajlandira aliw za'ru'r.

Xabar texnologiyalari ta'lim mekemelerinde qa'nigelerdi tayarlaw protsessine jan'asha jandasiw tiykarinda olardin' bilim, ko'nikpe ha'm qa'nigelerin rawajlandiriw menen baylanisli oqiw protsessin na'tiyjeli sho'lkemlestiriw, ta'limin jan'a sipat basqishina ko'teriw imkaniyatin beredi Joqari pedagogikaliq ta'lim protsessinde zamanago'y xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalari imkaniyatlarinan paydalaniw o'zbetinshe ta'lim aliwshinin' na'tiyjeliligin ta'miyinlewi menen birge, unamli iskerlik ko'rsetiw ushin ushin ha'm ken' imkaniyatlar jaratadi. Bul ta'repler joqari da'rejede xabarlasqan oqiw protsessin sho'lkemlestiriw ha'm talabalardin' bilim da'rejesin baqlaw jumislarin arnawli texnologiyalarin jaratiwin qadag'alaydi.

Usi waqitta metodikaliq a'debiyatlarda, ta'lim texnologiyalarin qollaniw boyinsha auditoriya shinig'iwlari, elektron kitapxanalar, Internet strukturasinan paydalaniw menen baylanisli o'z-ara tutasqan ko'rinisler bar ekenligi keltirilip o'tilgen.

Ta'lim mekemelerinde xabar-ta'lim strukturasin sho'lkemlestiriwde oqitiwdin' kompyuter qurallarin a'meliyatta qollaniw, sonday-aq, basqariw ha'm oqiw-ta'rbiyaliq protsesslerdi programmaliq qurallar menen ta'miyinlew talap etiledi.

Ta'limdi xabarlastiriw, birinshi na'wbette:

– kompyuter texnikasi , xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalarinin' zamanago'y qurallarin strukturali u'yreniw ha'm onnan paydalaniwin;

– talabalardin' o'zbetinshe jumislarin oqiw-metodikaliq ta'repten ta'miyinleniwi;

– pedagoglar ta'repinen za'ru'rli oqiw-metodikaliq ta'miynattin' jaratiliwin;

– xabar texnologiyalarin na'tiyjeli qollawdidan ju'zege keletug'in jan'a imkaniyatlardi esapqa alg'an halda oqiw protsessin qa'liplestiriwge baylanisli sho'lkemlerdi belgilewdi qadag'alaydi.

Xabarlandiriwdin' struktura ta'limnin' uliwma ka'siplik ha'm qa'nigelikke baylanisli programmani o'zlestiriw arqali bekkem fundamental bilimge iye bolg'an ha'm olardi o'z iskerliginde qollay alatug'in kadrlar tayarlawg'a xizmet qiladi.

Pedagogikaliq ta'lim mekemesinde xabar-ta'lim ortalig'i to'mendegi qa'siyetleri tiykarinda jaratiladi:

1. Joqari pedagogikaliq ta'lim ma'mleket ta'lim standartlari talaplarin orinlawg'a bag'darlang'anlig'i.

2. Ta'lim aliwshlar ushin barliq bar bolg'an xabar-ta'lim resurslarinin' ashiqlig'i.

3. Talabalarg'a individual jandasiwlardi a'melge asiriwshi ta'lim protsessinin' mazmunin tan'law, oqiw rejesi ha'm programmasinin' maslasiwshilig'i.

4. Da'stu'riy ha'm zamanago'y ashiq oqitiw texnologiyalarin o'z-ara sa'ykeslestiriw ushin za'ru'r sharayatlardin' barlig'i.

5. Oqiw resurslarin strukturalw tiykarinda oqitiw texnologiyalarin metodikaliq ta'repten islep shig'iwin ta'miyinlengenligi.

6. Ta'lim protsessi qatnasiwshilarinin' o'zbetinshe ta'lim jumislarin sho'lkemlestiriw ushin sharayatlardin' jaratilg'anlig'i.

7. Kompyuter tarmag'inan paydalaniw arqali talabalar menen individual ha'm toparli baylanislarin sho'lkemlestiriw imkaniyati barlig'i.

8. Kompyuter tarmag'inda jaylastiriw ushin sho'lkemlestirilgen ha'm fayllar ko'rinisinde saqlanatug'in oqiw-metodikaliq kompleksler arqali talabalar o'zbetinshe ta'limdi a'melge asiriw ushin tiykarg'i qural sipatinda qollawdi.

Pedagogikaliq ta'limnin' xabarlastiriw ortalig'i talabalardin' o'zbetinshe jumislarin sho'lkemlestiriwga qaratilg'an texnikali, programmaliq ha'm metodikaliq qurallar menen ta'miyinlewdin' maqsetke bag'darlang'anliq integratsiya, toliq, , ashiqliq siyaqli kontseptual qa'siyetlerinen ibarat. Usi qa'siyetlerdi qollaniw basqishlari xabar ta'lim ortalig'in jaratiw, pa'nler boyinsha oqiw-metodikaliq komplekslerdi rawajlang'anliq da'rejelerine ko're mazmunan islep shig'iwin qadag'alaydi.

Xabar-kommunikatsiya ortalig'in sho'lkemlestiriwde talabalardin' o'zbetinshe jumislarin sho'lkemlestiriwge qaratilg'an texnikaliq, programmaliq ha'm metodikaliq qurallar ta'limnin' xabarlastirilg'an ortalig'inda oqiw-metodikaliq komplekslerden na'tiyjeli paydalaniw imkaniyatin jaratiwi menen za'ru'r ahimiyetke iye.

Oqiw-metodikaliq kompleks resurslari ha’m xabar-kommunikatsiya ortalig’i to’mendegi tiykarg’i fuktsiya ha’mde talabalardi orinlawin maqset qiladi:

– talabalardi ha’m olardin’ xabar ortalig’inan paydalaniw iskerligin ko’rsetip o’tiw;

– pedagoglar ta’repinen talabalardin’ iskerligin ma’slaha’t joli menen qollap –quwatlawin sho’lkemlestiriw;

– talabalarg'a o’zbetinshe o’zlestiriw ushin za’ru’rli oqiw materiallarin usiniw;

– Oqiw protsessinde talabalar ta’repinen o’zlestirilgen bilim, ko’nikpe ha’m qa’nigeliklerin test sinawlarina tiykarlang’an baqlawdi sho’lkemlestiriw;

– oqiw-metodikaliq kompleks resurslarinan paydalaniwda qosimsha a’debiyat ha’m qurallardan araliqtan turip paydalaniw imkaniyatin jaratadi.

Bul talaplardi qollaniw elektron xabar-kommunikatsiya ortalig’in jaratiw ha’m oqiw pa’nleri boyinsha oqiw-metodikaliq komplekslerinin` rawajlang’anliq da’rejelerine baylanisli basqishpa – basqish a’melge asiriw imkaniyatin beredi.

Birinshi basqishta, oqiw programma, temalarinin’ tekstleri, baqlaw ushin mo’lsherlengen sorawlar; pa’nnin’ toliq ko’leminen juwmaqlawshi baqlaw tapsirmalari; ma’jbu’riy laboratoriya shinig’iwlarinin’ dizimi; olardin’ bayani ha’m olar boyinsha baqlaw sorawlari; oqiw pa’ni boyinsha kurs rejeleri, o’zbetinshe ta’lim boyinsha tapsirmalardi orinlawg’a qaratilg’an metodikaliq ko’rsetpeler islep shig’iladi.

Ekinshi basqishta, oqiw materiallari ayrim bo’limlerdin’ elektron versiyalari tayarlanadi.

Ushinshi basqishta, ta’lim bag’darlari oqiw pa’nleri boyinsha oqiw-metodikaliq kompleks jaratilip, olardan oqitiwdin’ araliqtan yamasa aralas - da’stu’riy ko’rinislerde paydalaniw imkaniyatlari jaratiladi.

To'rtinshi basqishta, talabanin' biliw iskerligine mas baqlaw elementleri ha'mde oqiw protsessi juwmag'i boyinsha talaba iskerliginin' toliq monitoring struktura sho'lkemlestiriledi.

Ta'limnin' xabar-kommunikatsiya ortalig'nan paydalaniw ma'seleleri T.G.Vezirov , V.M.Monaxov , A.V.Petrov, E.S.Polatlar ta'repinen usinilg'an bolip, tiyisli usinislar islep shig'ilg'an. Bul usinislarda ta'limde Internet resurslarinan paydalaniwdin' uliwma mashqalalari, maqseti, mashqala sheshimine qaratilg'an metodlar ha'm printsipler, kompyuter-telekommunikatsiya texnologiyalarin qollaniw ma'seleleri bayan qiling'an.

Bizin' pikirimizshe, bul usinislar qosimsha ra'wishte xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalarinin' interaktivliti ta'miyinlewi o'zgesheligin itibarg'a alg'an halda, talabalardin' iskerligin t o'mendegishe belgilew maqsetke muwapiq:

– pedagog penen baylanisda Internet resurslarinan paydalaniw (talaba sorawlar menen usinadi, juwaplar aladi, araliqtan turip soraw juwap, tapsirmalar boyinsha test ha'm baqlaw jumislarin orinlaydi);

– ta'lim aliwshilardin' o'z-ara baylanisin ta'miyinlew (berilgen tapsirmalar boyinsha piker almasadi).

Xabar-kommunikatsiya ortalig'inda talabalardin' bunday iskerligi olardin' oqiw protsessindegi jildamlig'i ha'mde oqiw materiallarin o'zlestiriw da'rejesinin' artiwina imkan beriwi menen za'ru'r ahimiyet iye.

Ta'lim mekemesi xabar-kommunikatsiya ortalig'inin' jaratiliwi pedagogikaliq protsesslerdi xabarlandiriw, oqiw materiallarin usiniwdin' jan'a metodlarin islep shig'iw imkaniyatlarin asadi ha'm oqiw protsessi qatnasiwshilari ushin biliw iskerliginin' erkinligin ta'miyinleydi'.

Xabar-kommunikatsiya ortalig'i to'mendegi bag'darlarda jetilistirilip , mazmun ta'repten rawajlanip baradi:

– ta'lim, pedagogikaliq ta'jriybe almasiw ha'mde pedagogikaliq kadrlar qa'nigesin asiriwda zamanago'y ko'rinis ha'm metodlardin' qollaniliwi;

– pedagoglar menen talabalar ortasindag'i o'z-ara jan'a baylanis ko'rinis ha'm metodlardin' islep shig'iliwi;

– araliqtan ta'lim oqiw-metodikaliq ta'miynatinin' quramı rawajlanip, mazmun ta'repten toltirilip bariladi.

Ta'lim mekemesi xabar-kommunikatsiya ortalig'indag'i pedagogikaliq iskerligi joqarida ko'rsetilgen bag'darlarg'a muwapiq ha'mde onin' mazmunin waqit o'tiwi menen jetilistirip bariw tiykarinda sho'lkemlestiriw talabalarda to'mendegi za'ru'r ha'm za'ru'rlik sipatlardin' rawajlaniwina alip keledi:

– za'ru'r bolg'an ta'lim qurallarinan paydalaniw usillarin o'zbetinshe o'zlestiriw ha'm o'zbetinshe ta'lim aliw;

– iyelegen bilim, ko'nikpe ha'm qa'nigelerin o'z-ara baylanis protsessinde bekkemlew, olardi rawajlandirip bariw;

– ta'lim protsessinde ju'zege kelgen mashqalalardi jama'a't bolip talqılaw ha'm diskussiyag`a kirisiw;

– mashqalali protsess ha'mde strukturanin' du'ziliwi ha'm ma'nisin o'z-ara piker almasiw tiykarinda aniqlastiriw;

– oqiw xabarlarin tu'rli ko'rinislerde (kesteler, grafikler, esabatlar, video materiallar) tayarlaw ha'm usiniw;

– o'z bilim da'rejesi ha'm ta'jriybelerin u'zliksiz rawajlandirip bariw.

Talabanin' xabar-kommunikatsiya ortalig'indag'i iskerliginin' pedagogikaliq monitoringi ta'lim-ta'rbiya protsesslerine za'ru'r o'zgertirwler ha'm du'zetiwler kiritilip bariliwina xizmet etedi. Ta'lim-ta'rbiya protsessleri monitoringi, olardi a'melge asiriw na'tiyjelerinin' analizi qilip bariliwin, boljawin ha'm rejelestiriliwin na'zerde tutadi.

Talabalar ta'repinen zamanago'y xabar ha'm kommunikatsiya texnologiyalarin o'zlestiriw bul tarawda pedagoglardi aldinnan tayarlawdi qadag'alaydi. Sol sebepten pedagogikaliq ta'limdi informatsiyalaw, jan'a bag'darlar boyinsha oqitiwshilardi tayarlaw, oqitiwshilardi zamanago'y

texnologiyalar boyinsha qa’nigege iye boliwlari ta’limdi informatsiyalawdin’ aldın`g`ı, tiykarg’i bag’dari bolıp esaplanadi.

Informatika pa’ni menen bir qatarda basqa (gumanitar, tabiyiy, uliwma ka’siplik ha’m jeke) pa’nlerdi zamanago’y xabar texnologiyalari tiykarinda oqitiwdi sho’lkemlestiriw maqsetinde universitet fakultetlerindede xabar texnologiyalari Oraylari o’z iskerliklerin basladi ha’m olar o’z-ara korporativ tarmaq arqali baylanisti. Bunday Oraylarda sabaqlardi zamanago’y texnologiyalar tiykarinda o’tiwge barliq imkaniyatlar bar bolip, olar pa’nlerge baylanisli elektron resurslar menen ta’miyinlengen. Universitet korporativ tarmag’ina baylanisqan ha’r bir kompyuter arqali Internet tarmag’ina baylanisiw imkaniyati jaratilg’an. Sonday-aq, tarmaq orayliq serverinde universitettin’ xabar-ta’lim ha’m basqariw resurslari jaylastirilg’an. Xabar texnologiyalari Orayinin’ waziypalari to’mendegilerden ibarat etip belgilendi:

1. Professor-oqitiwshilar, doktorantlar, aspirantlar, magsitratura ha’m bakalavriyat talabalari ushin Internet, sonday-aq, ilimiy-oqiw tarmag’inan paydalaniwlarina imkaniyatlar jaratiw, olardan paydalaniwdi jolg’a qoyiw.

2. Xabar – kommunikatsiya tarmag’inin’ oqiw-metodikaliq ta’miynatin ha’m araliqtan oqitiwdi rawajlandiriw barisinda raesurslar jaratiwdi ja’mlew.

3. Respublikanin’ basqa oqiw mekemeleri , shet el ta’lim mekemeleri menen oz-ara ta’jriybe almasiw, xabar-texnologiyalari ha’m araliqtan oqitiw boyinsha birgelikte oqiw kurslarin jaratiw maqsetinde ilimiy baylanislarin ornatiw ha’m rawajlandiriw

4. Universitettin’ kompyuter korporativ tarmaqlardi xabar-ta’lim resurslar menen ta’miyinlew..

5. Pa’nler boyinsha xabar ta’lim resurslari kompleksin jaratiw ha’m olardan paydalaniwdi sho’lkemlestiriw.

6. Buyirtpalar tiykarinda electron oqiw materiallarin sabaqlarg’a o’z waqtinda tayarlawdi ta’miyinlew.

Komyuer tarmaqlari local ha'm ken' qamrawli (korparativ) boliwi mu'mkin. Lokal tarmaq bir binada yamasa birgelikte turg'an binada, yag'niy bir-birinen uzaq bolmag'an araliqta jaylasqan kompyuterlerdi birlestiriwshi tarmaqqa aytiladi. Korporativ tarmaq- o'z-ara baylanisqan bir qansha kompyuter gruppalarinan ibarat bolip, oni payda etiw ushin tarmaq u'skeneleri ha'mde olarg'a mas keliwshi da'stu'riy ta'miynat za'ru'r.

Korporativ kompyuter tarmaqlari ja'rdeminde to'mendegi imkaniyatlardi a'melge asiriw mu'mkin:

– da'stu'rlerden birgelikte paydalaniw (fayllardi qabil qilip aliq, jiberiw)

– o'z-ara real ma'sele;

– printer , modem ha'm basqa qurilmalardan birgelikte paydalaniw.

Ju'zege kelgen korporativ tarmaq negizinde xabar – ta'lim ha'm basqariw resurslarinin' jaratiliwi ta'lim na'tiyjeliligin asiriwg'a, oqiw ta'rbiyaliq protsesslerdi basqariwdi strukturalawg'a, kadrlardin' ka'siplik tayarlig'i da'rejesin analiz qiliw ha'm pedagogikaliq metodlari a'meliyatti ta'miyinleqge xizmet etedi. Oqiw protsesssinde talabalar o'zlestiriwdi baqlawdin' electron qurali sipatinda monitoring tin' zamanago'y ko'rinislerin qollaniwdi ta'miyinleydi.

Bul tarawda a'melge asirilg'an sho'lemlestiriwshilik kompyuter texnologiyalarin ta'lim mekemeleri uliwma iskerliginde na'tiyjeli qollaw menen baylanisli to'mendegi waziypalardi orinlaw imkaniyatin jaratadi:

– ta'lim mekemelerinin' hu'jjetler electron ishki almasiwin ta'miyinlew;

– sabaq kestelerin du'ziw;

– mekeme xizmetkerleri, talabalar boyinsha mag'liwmatlar bankin jaratiw ha'm onnan paydalaniw;

– professor-oqitiwshilar iskerliginin' monitoringin alip bariw;

– ta'lim mekemesi iskerligin jildam basqariwdi sho'lkemlestiriw;

– ta’limdi basqariw yamasa basqa sho’lkemler menen electron pochta arqali baylanisiw sharayatin jaratiw;

– respublikamiz ha’m shet el ta’lim mekemeleri menen birgelikte baylanis ornatiw;

– Internet da’stu’ri ja’rdeminde xabardi izlew, tan’law ha’m onin’ imkaniyatlarinan oqiw- ta’rbiyaliq protsesslerde paydalaniw.

Bizdin’ pikirimizshe, ta’lim mekemeleri iskerligin xabarlandiriwda to’mendegi pedagogikaliq sharayatlardin’ jaratiliwi talap etiledi:

– xabar ha’m kommunikatsiya texnologiyalarin u’yreniwdi sho’lkemlestiriw;

– pa’nler boyinsha kompyuter u’yretiwshi programmalardi jaratiw ha’m olardan paydalaniw;

– talabalar o’zlestiriwin kompyuter texnologiyalari ja’rdeminde baqlaw;

– xabar-ta’lim resurslarin rawajlandiriw.

Juwmaqlap aytqanda, ta’lim mekemesi xabar-kommunikatsiya ortalig’i ka’siplik tayarliq sipatin asiradi, oqitiwdin’ zamanago’y texnologiyalarin islep shig’iw ha’m ken’ qollaniw ushin za’ru’r sharayatlardi jaratadi, pedagog ha’m talabalardin’ iskerligin jan’a basqishqa alip shig’adi.

## 3.2. Talabalar o’zbetinshe bilimin a’melge asiriwda kompyuter texnologiyalari mazmuni

Ta’limde xabar texnologiyalarinan paydalaniwdin’ jalg’iz kontseptsiysi toliq rawajlanbag’an bolsada, biraq pedagog ha’m talaba mu’na’sebetlerin modellestiriwshi kompyuter strukturasi juda’ ken’ rawajlanbaqta. Bul bag’darda tu’rli korinistegi sabaqliw ha’m oqiw qollanbalarinin’ rawajlaniwi, jeke kompyuterlerinin’ imkaniyatlari artip atirg’anlig’i, laboratoriya jumislari, ta’biyiy eksperementlerdi modellestiriwshi

programmalardin' jaratilip atirga'n zamanago'y pedagogikaliq ha'm xabar texnologiyalarin pedagogikaliq protsesslerge qollaniwg'a qolayliliq jaratadi.

Uliwma aytqanda, ha'r qanday pedagogikaliq texnologiya – bul xabar texnologiyasi esaplanadi, sebebi oqitiw protsessi texnologiyasinin' tiykarin xabar ha'm onin' basqishpa –basqish ha'reketi quraydi.

Kompyuter texnologiyasi programmalastirilg'an oqitiw ideyasin rawajlandiriwg'a qaratilg'an bolip, oqitiwdin' jan'a, ele qollanilmag'an, yaki aytarliqtay qollanilmag'an jan'a texnologiyaliq ko'rinislerin rawajlandiradi ha'mde ha'zirgi zaman xabar ha'm telekommunikatsiya texnologiyalarinin' imkaniyatlarin o'zinde sa'wlelendiredi.

Kompyuter texnologiyasi parametrlerin to'mendegishe ko'rsetiw mu'mkin:

– isletiw da'rejesine ko're: uliwmapedagogikaliq;

– filosofiyaliq tiykarg'a ko're: sharayatqa maslasa alatug'in, texnokratik;

– rawajlaniwdin' tiykarg'i faktorina ko're: siyasiy – psixologiyaliq;

– bilimlerdi o'zlestiriw kontseptsiyasina ko're: assotsiativ –reflektorli;

– mazmuni o'zgesheligine ko're: iykemlesiwi;

– talabalardin' biliw iskerligin basqariw tu'rine ko're: kompyuterli;

– sho'lemlestiriw korinisine baylanisli: individual ha'mde kishi toparlar struktura;

– talaba shaxsina iykemlesiw boyinsha : birgelikte;

– oqitiw metodi boyinsha: «xabar-operatsion baylanisli da'stu'rlesilgen oqitiw»;

– ta'lim aliwshilardin' da'rejesine ko're:ko'p da'rejeli.

Kompyuter texnologiyasi boyinsha ta'limnin' kontseptual halatlari sipatinda to'mendegilerdi aliw maqsetke muwapiq:

– oqitiw – bul talaba ha'm kompyuter arasindag'i baylanis;

– maslasiw printsipi– kompyuterdi talabanin' individual o'zgesheliklerine maslastiriw;

– oqitiwdin' baylanisli xarakteri;

– basqariliwi: pedagog ta'repinen qa'lewinshe oqitiw protsessine du'zetiw kiritiw imkaniyatinin' barlig'i;

– individual ha'm toparli oqitiw ko'rinislerin optimal sa'ykeslestiriw sha'rayatinin' jaratiliwi;

– talabanin' kompyuter menen baylanisi ushin qolay sha'rayatlardi ta'miyinlew imkaniyatinin' barlig'i.

Ta'limde xabar texnologiyalarinen paydalanip talabalardin' o'zbetinshe jumislarin sho'lkemlestiriw na`tiyjeli bag'darlardan biri sanaladi. Belgili bolg'aninday, oqiw materiallarinin' tu'rli ko'rinisleri, u'yrenilip atirg'an protsess ha'm ha'diyselerdi virtual ko'riniste ko'rsetetug'in electron oqiw-metodikaliq resurslar, jan'a temalardi o'zlestiriw protsessinde ju'zege keletug'in sorawlarg'a iqtiyariy ha'mde toliq juwap aliw imkaniyatin integrallasqan electron so'zlik-mag'liwmatnama, tabiyiy pa'nlerdi bag'darlari boyinsha virtualvirtual laboratoriya ha'm ko`rgizbe–ta`jriybe shinig'iwlari talabalar ta'repinen oqiw pa'nlerin o'zbetinshe u'yreniwge za'ru'r bolatug'in resurslardan sanaladi. O'zbetinshe jumisti sho'lkemlestiriwde joqarida esletilgen resurslardan paydalaniw ta'rtibi ha'r bir talabanin' individual o'zgesheliklerin esapqa alg'an halda belgilenedi.

Joqaridag'ilardi itibarg'a alg'anda, talabalardin' o'zbetinshe jumis iskerligi kompyuter texnologiyasi: elektron oqiw-metodikaliq resurslar, integrallasqan elektron so'zlik-magliwmatnamalar ha'mde laboratoriya ha'm tabiyiy eksperementlerdi modellestiriw strukturadan payda boladi.

Ta'limde integrallasqan elektron so'zlik-magliwmatnamalar eki za'ru'r sha'rtti qanaatlandiriwi lazim. Birinshiden, ol barliq talabalar ushin, qa'legen waqitta temalar boyinsha so'zlik materiallar haqqinda qa'legen mag'liwmatin aliq imkaniyatina iye boliw ushin sharayat jaratadi. Basqasha aytqanda, mu'ra'ja't etiletug'in so'zlik materiallar integrallasqan kompyuter

entsiklopediyasi ko'rinisinde, ekinshiden,usi so'zlik materiallar an'sat toltirilatug'in ha'm qolayli boliwi lazim.

Kompyuterde modellestirilgen laboratoriya ha'm tabiyiy eksperimentlerdi o'tkeriw protsesslerdi dinamikaliq modellerin sho'lkemlestiriwshi quramlıq bo'leklerin jaratiw menen baylanisli bir qansha mashqalali ma'selelerdi sheshiw imkaniayatin beredi.

Talabalardin' o'zbetinshe jumislarin qollawg'a qaratilg'an avtorliq da'stu'riy o'nimlerdi tayarlawda kompyuterli modellestiriwdi tiykar qilip aliwi lazim.

O'zbetinshe jumisin sho'lkemlestiriwde kompyuter texnologiyalarinan paydalaniw imkaniyatinin' barlig'in aniqlaw, ta'lim protsessinde bunday texnologiyalardi qollawdin' za'ru'r ko'rsetkishlerinen esaplanadi.

Kompyuter texnologiyalarinan paydalanip o'zbetinshe jumisin sho'lkemlestiriw mazmunina baylanisli bir qansha didaktikaliq waziypalardi orinlaw mu'mkin:

– multimedia texnologiyalarin qollawdi talabalarda oqiwg'a qizig'iwshilig'in arttiradi;

– ta'limnin' interaktiv o'zgesheligi tiykarinda talabalardin' pikirlew qa'biliyetlerin rawajlandiradi ha'm oqiw materiallarin o'zlestiriwshen'liginin' na'tiyjeliligin asiradi;

– real halatlarda ko'rsetiliw qiyin, mashqalali bolg'an protsesslerdi modellestiriw ha'm baqlaw imkaniyatin beredi;

– oqiw materiallarinin' o'zlestiriliw da'rejesine baylanisli, ba'lki talabalar erisken logikaliq ha'm qabil qiliwlari da'rejesine baylanisli na'tiyjeli boliwin ta'miyinleydi;

– da'stu'riy ha'mde araliqtan oqitiw ta'lim oqiw-metodikaliq ta'miynatinin' na'tiyjeli integratsiyasin ta'miyinleydi';

– Talabalarg’a o’zbetinshe izleniw joli menen materiallarin tabiw, u’yreniw ha’mde mashqalali ma’selelerin orinlaw arqali olarda ma’lim izertlew jumislarin a’melge asiriw ko’nikplerin rawajlandiradi;

– talabalardin’ kurs, qa’nigelik pitiriw jumislarin orinlawda, magistirlik dissertatsiyalarin tayarlawda oqiw materiallari menen o’zbetinshe tanisiw, tan’lap aliw, xabar ha’mde mag’liwmatlarin shamalay aliw siyaqli qa’nigelerin rawajlaniwi ushin sharayat jaratadi.

Ta’lim protsesslerin jetilistiriw jumisinin’ faktorlari sipatinda kompyuter menen baylanisin metodikaliq ta’miynatin xabar-ta’lim resurslari arqali a’melge asiriw, kompyuter xabar-ta’lim ortalig’i ha’m zamanago’y talaplar da’rejesindegi xabar-ta’lim resurslarinin’ jaratilg’anlig’i, gipertekst, multimedia, oqitiwda xabar ha’m kommunikatsiya strukturasinin’ qabil qiling’anlig’in tekseriw mu’mkin.

Bidin’ pikirimizge ko’re, elektron xabar-ta’lim resurslari xabarlardi kompyuter texnologiyalari qurallari tiykarinda jaratiw, qayta islew ha’m olardan paydalaniw imkaniyatin beriwshi derek sipatinda qaratiliwi mu’mkin.

Xabarlardi qayta islew ushin olardi jaratiliwinin’ bibliografiya, statistikaliq mag’liwmatlar, referatlar tayarlaw siyaqli standart ko’rinisleri bar. Elektron xabar-ta’lim resurslarinin’ xabar quramı statistikaliq, tekstli, grafik ko’rinisli xabarlardi belgilengen elektron ko’rinislerden ibarat boladi.

Bilimlerdin’ elektron deregi tema boyinsha tiykarg’i ha’m qosimshaxabarlardi o’zinde qa’liplestirgen halda, onin’ elementleri logicaliq ta’repten o’z-ara baylanisqan bolip, basqa elementlerge shig’iw imkaniyatin beriwshi du’ziliske iye xabarlastirilg’an strukturani payda etedi. Bunda bilimler elektrong’a kiritilmegen, yag’niy onnan sirtqi elementler menen baylanisiw imkaniyatin ta’miyinleydi.

Talabalardi o’zbetinshe o’zlestirgen bilimleri sipatin kompyuter test sinawlari ja’rdeminde aniqlaw ha’m ka’siplik rawajlang’anliq da’rejesin

analiz qiliw maqsetinde kompyuter strukturasina ekspert struktura qosimsha qilinga'n bolip, bul struktura ja'rdeminde elektron tarmaq arqali bilimlerdi bahalaq ha'm na'tiyjelerin jeterlishe analiz qiliw mu'mkin boladi.

Bunday programmaliq o'nimlerden o'zbetinshe jumis protsessi na'tiyjesin ha'm onin' maqsetine erisilgenin aniqlaw, talabalardin' o'zlestiriwlerin teren'itek u'yreniw za'ru'rligi sebepli olardin' ma'lim temalar boyinsha bilim da'rejelerin aniqlaw, oqitiwdin' psixofiziologikaliq o'zgesheliklrin esapqa aliw maqsetinde ken' paydalaniladi.

O'zbetinshe jumisin sho'lkemlestiriw ushin jaratilip atirg'an elektron xabar-ta'lim resurslarina tu'rli ilimiy mag'liwmatlardi, oqiw materiallarin, xabarlardi usiniwdin' ken' imkaniyatlari, integrative kurslardi kiritiw, pa'nnin' tariyxi ha'm metodologiyasi menen ta'miyinlew, siyasiy gumanitar, ka'siplik pa'nler boyinsha innavatsion bilimlerdi kiritiw ta'lim mazmunin sezilerli o'zgertiwge, keskin ayitiwg'a ja'rdem beredi, oni jedellestiriw ha'm rawajlandiriwda za'ru'r factor boladi.

Kompyuter qurallarinin' o'zbetinshe jumisin sho'lkemlestiriw imkaniyatlari arqali analiz etiletug'in, onin' interaktivligi , quralsiz baylanis arqali oqiw rejesinde ko'rsetilgen pa'nler boyinsha jaratlig'an jeke da'stu'riy ta'miynat ja'rdeminde talabalarg'a o'zbetinshe bilim aliq imkaniyatin jaratiwi menen ayriqsha ahimiyetke iye ekenligi aniqlandi. Kompyuter qurali talaba yamasa pedagog usiniwlarina «juwap beredi», olar menen erkin «baylanisg'a kiredi » ha'm olar kompyuter ta'limi metodikasini' tiykarg'i o'zgesheliklerinen esaplanadi.

Kompyuterli oqitiw metodikasinin' basqa bir za'ru'r o'zgesheligi–oqitiw protsessinin' barliq basqishlarinda, jan'a oqiw materiallarin tu'sindiriwde, ta'kirarlawda, uliwmalastiriwda, talabalardin' pa'n boyinsha erisken bilim, ko'nikpe ha'm qa'nigelerin tekseriwden aniqlanadi[19]. Bunday protsesslerde

kompyuter talaba ushin tu’rli waziypalardi, pedagogicaliq, ta’lim qurali, ta’lim obekti, o’z-ara baylanis siyaqli funktsiyalardi orinlaydi.

Aytip o’tiw kerek, kompyuter texnologiyalarinin’ o’zbetinshe ta’limdi sho’lkemlestiriwge qaratilg’an ja’ne bir za’ru’r bag’dari audio ha’m video qurallarinan paydalaniw menen baylanisli. Sol sebepli, kompyuter texnologiyalari arqali o’zbetinshe ta’limde oqitiwdin’ audiovizual qurallari ha’m arnawli islengen audiovizual oqiw materiallarinan ken’ paydalaniw talabalardin’ biliw iskerligin basqariwda za’ru’r orin tutadi.

### 3.3. Talabalar o’z betinshe oqiwin a’melge asi’ri’wda elektron resurslar mazmuni’

Xarlastirilg’an ta’lim strukturasinda oqitiwdin’ sipatin analizlemey turip, ondag’i protsesslerdi na’tiyjeli basqariw ta’lim maqsetine erisiwde bir qansha mashqalalar ju’zege keledi. Pedagogikaliq protsesste talabalardin’ bilim, ko’nlikpe ha’m qa’nigeler sipatin belgilengen o’lshemler faktorlar ha’m ten’lesiwler arqali aniqlawda xabar texnologiyalarina tiykarlang’an “oqitiw-baqlaw” strukturasin sho’lkemlestiriw, olardin’ didaktikaliq talaplarina maslig’in baqlaw bul ko’lemdegi mashqalalardi sheshiw imkaniyatin jaratadi.

Xabarlastirilg’an ta’limde pedagogikaliq analiz talabalar bilim, qa’nige ha’m ko’nlikpelerin rawajlaniw da’rejesin aniqlawdi, baqlawdi, uliwmalastiriw ha’m statistikaliq mag’liwmatlardi analizlewdi ha’mde keleside bul protsess rawajlaniwin boljawdi o’z ishine aladi. Metodika tarawindag’i ilimiy izertlewlerde talabalar o’zlestiriwlerinin’ analizi, olardi erisilgen qa’nigelerinin’ da’rejesi sipatinda ko’rsetiw ekenligine itibardi qaratsaq, onda xabarlastirilg’an pedagogikaliq analizdin’ maqseti ta’lim protsessin alip bariwin ha’m oni bahalawdi o’z waqtinda aniqlawdan ibarat boladi.

Belgili bolg’aninday, xabarlastirilg’an ta’lim protsessin bunday bahalaw, tek talabanin’ o’zlestiriw da’rejesin belgilew menen shegaralanip qalmay, ba’lkim oqiw protsessin xoshametlew za’ru’r pedagogikaliq qural unamli motiv oyatiwi menen talaba shaxsina ku’shli ta’sir etedi. Talaba iskerligin kompyuter texnologiyalari tiykarinda obektiv bahalaw onda o’zin-o’zi bahalaw imkaniyatin rawajlandiradi ha’m o’z ko’rsetkishlerine kritikaliq mu’na’sebette boliwin ta’rbiyalaydi. Sol sebepten talaba bilim, ko’nikpe ha’m qa’nigelerin bahalawdin’ kompyuterlestirilgen texnologiyasi zamanago’y xabar-pedagogikaliq strukturasin jaratadi, og’an mas ra’wishte bilimlerdi bahalawdin’ analizlik metodlari ha’m qurallarin rawajlandirip bariwdi qadag’alaydi, kompyuter texnologiyalarin qollawda ju’zege keletug’in obektiv ha’m subektiv ta’sirler menen baylanisli faktorlarin aniqlaw lazim boladi.

Xabarlastirilg’an ta’limde analiz ha’m monitoringdi rejelestiriwde talabanin’ ta’lim traektoriyasinda shaxs sipatinda unamli yaki umamsiz rawajlaniwin aniqlaw za’ru’r sanaladi.

Kompyuter texnologiyalari tiykarindag’i monitoring tex qa’nigeli-pedagoglar ta’repinen emes, ba’lki pedagogikaliq protsess qatnasiwshilarinin’ o’zleri ta’repinen a’melge asiriliwi maqsetke muwapiq boladi. Bunday texnologiyalardi – monitoring strukturasinda qollaniwda pedagogikaliq protsess qatnasiwshilarinin’ xabarg’a, bilimge bolg’an ha’reket ha’m umtiliwlarin jedellestiriwge erisiw za’ru’r.

Talabalar o’zlestirgen bilim, ko’mlikpe ha’m qa’nigelerin baqlawdin’ ken’ tarqalg’an joli – testler ja’rdeminde aniqlaw bolip, ol bilimlerdi bahalawdi kompyuterlestirilgen strukturasin jaratiw imkaniyatin beredi. Bul struktura pedagogtin’ kompyuter imkaniyatlarin o’zlestiriwi , onnan na’tiyjeli paydalaniwi arqali onin’ talaba menen individual isleri protsessin qa’liplestiriwshi qural sipatinda ju’zege keledi. A`sirese, talaba bilim ha’m qa’nigesin kompyterlestirilgen halda baqlaw, talap qilinatug’in bilimler

kompleksinin` sıpatin aniqlaw mashqalasin orınlaw lazımlig'in, bulsiz erisilgen bilimlerdi bahalaw reytingin ha'm olardin' o'zlestirgenlik da'rejesin aniqlaw qa'biliyetlerin belgilew mu'mkin emesligi aniqlandi.

Talabalar bilimi, qa'niygesin ha'm ko'nlikpelerin baqlaw kompyuter strukturasi'ni'n' tiykarg'i maqseti, olar erisken jen'isler ha'm jetiskenliklerdi ani'qlaw, oni jedellestiriw jollarin ko'rsetiw, usi tiykarda talabalar ushin na'tiyjeli unamli iskerlik ko'rsetiw ushin sharayat jaratiwdan ibarat. Bul maqset, birinshi na'wbette, talabalar ta'repinen oqiw materiallarin o'zlestiriw sipati menen, yag'niy oqiw da'stu'rinde belgilengen bilim, ko'nlikpe ha'm qa'niygeligin iyelew da'rejesi menen baylanisli. Ekinshi ta'repten komyuter baqlawinin' tiykarg'i' maqsetin aniqlastiriw, o'z-ara sonin' menen birge o'zin-o'zi baqlaw boyinsha iykemlesiwdi a'melge asiriw ha'mde o'z-ara o'zin-o'zi baqlawg'a bolg'an mutajliginin' rawajlaniwi menen baylanisli. U'shinshiden bolsa, bul maqset talabalarda orinlang'an jumis ushin juwapkershiliktin' ko'riniwi siyaqli shaxstin' unamli sipatlarin ta'rbiyalawg'a qaratilg'an boladi.

Talabalar bilimin kompyuter texnologiyalari arqali baqlawdin' maqsetin a'melge asiriwda onin':

- baqlaw funktsiyasi;
- oqitiw;
- analiz;
- boljaw;
- rawajlandiriwshi;
- bag'darlawshi;
- ta'rbiya qiliw siyaqli waziypalardi aniqlastiriw lazim.

Tikarinan, bular ishinde en' za'ru'ri baqlaw funktsiyasi bolip, talabalar erisken bilim, ko'nikpe ha'm qa'nigelerinin' da'rejesin, olardin' biliw iskerligi boyinsha jandasiw jandasiwlarin, o'zlestirgenlik ko'rsetkishlerine

baylanisli olardin' aqiliy iskerligin rawajlandiriw da'rejesin aniqlastiriw imkaniyatin beredi.

Onin' ekinshi za'ru'r waziypasi oqitiw bolip, ol talaba erisken bilimler , ko'nikpe ha'm qa'nigelerin rawajlandiriwg'a, onin' strukturasin baqlawdi ta'miyinleydi. Bungay baqlaw protsessinde talabalar u'yrenip atirg'an materialdi qaytariw ha'm bekkemlew menen shug'illanadi . bilimlerdi kompyuter texnologiyalari tiykarinda tekseriw, u'yrenilip atirg'an materialda tiykarg'isin ajratip aliw, sonday-aq, erisilip atirg'an bilim, ko'nikpe ha'm qa'nigelerinin' mazmunin aniqlaw imkaniyatin beredi.

Baqlawdin' u'shinshi-analiz waziypasi, talabalar o'zlestirip atirg'an bilim, ko'nikpe ha'm qa'nigeligindegi kemshilikler, jetispewshilik qa'teler haqqinda, mag'liwmat aliwg'a ja'rdem beredi. Oqitiw protsessinde analizlik baqlawlar ushin ma'lim da'rejede na'tiyjeli metodikani tan'lawg'a ja'rdem beriwi za'ru'r sanaladi.

Kompyuter texnologiyalari tiykarinda bilimlerdi baqlawda, onin' baqlawshi, onin' boljawshi waziypasi, ta'lim-ta'rbiyaliq protsess haqqinda, onin' kelejegi yag'niy aldinnan ko're biliw za'ru'r bolg'an halati haqqindag'ixabardi aliw ushin xizmet qiladi.

Ol oqiw protsessinin' ma'lim basqishinda oqiw materiallarinin' belgili bo'legi boyinsha mo'lsherlengen aniq bilim, ko'nikpe ha'm qa'nigeler jeterlishe rawajlang'ani yamasa rawajlanbag'anlig'i boljawin baqlaw imkaniyatin beredi. Ma'lim ilimiy boljaw boyinsha erisilgen na'tiyjeler talabalardin' kelejektegi iskerligi modelin jaratiw ushin qollaniladi. Bunday boljaw, keleshekte oqitiwdi rejelestiriw ha'm a'melge asiriw ushin aniq juwmaq shig'ariwg'a ko'mek beredi.

Bilimlerdi baqlawdin' rawajlandiriwshi waziypasi, talabalardin' biliwine bolg'an jedelliklerin, olardin' izertlew qa'biliyetlerin rawajlandiriwda ko'rinedi. Kompyuter texnologiyalari tiykarinda a'melge asiriwshi baqlaw protsessinde talabalarda so'ylew, yadta saqlaw, diqqat, oylaw ha'm pikirlew

qa’biliyetlerinin’ rawajlaniwi a’dewir seziledi. Baqlaw protsessi, shaxstin’ qa’biliyeti, qizig’iwshilig’i ha’m za’ru’rlikleri siyaqli o’zgesheliklerinin’ rawajlaniwina ta’sir qiliwi menen za’ru’r esaplanadi.

Sonday-aq, talabalar erisip atirg’an bilimlerdi baqlawda onin’ bag’darlawshi waziypasi ha’m bar bolip, onin’ ma’nisi, ayriqsha talap yamasa pu’tin topar ta’repinen oqitiwdin’ maqsetine qay da’rejede erisilgenligi, yag’niy oqiw materiali qanday mug’darda ha’m qanshaliq teren’ o’zlestirgenligi menen belgilenedi. Bunday baqlaw sebepli, jol qoyilg’an qa’telikler, kemshilikler u’yrenilip, olar talabalardin’ bilim, qa’nige ha’m ko’nikpelerin jedellestiriwde qanday jandasiwlarg’a itibar beriw lazimlig’in ma’lim qiladi. Baqlaw talabani o’z bilim, ko’nikpe ha’m qa’nigelerin rawajlang’anliq da’rejesin aniqlawg’a , qa’biliyatlari, imkaniyatlarin an’law ha’m a’dil bahalawg’a ja’rdem beredi.

Talabalar oqiwin baqlawdin’ basqa bir za’ru’r waziypasi olardi ta’rbiyalaw menen baylanisli bolip, olarda oqiwg’a juwapkerlik penen qarawg`a, , intizamlıqqa, puqtalıqqa ha`m pısıqlıqqa ta’rbiyalaydi. Olarda bolajaq ka’siplik iskerlikke uqiplilig’in, ku’sh ha’m jigerdi ha’mde miynetke u’yretiw ko’nikpeni rawajlandiradi.

Talabalardin’ bilimlerin intelektual baqlawdin’ tu’rli metodlari bar bolip, kompyuter texnologiyalari tiykarindag’i awizsha, jazba-grafik baqlawlar, virtual a’meleliy –laboratoriya shinig’iwlarin orinlaw arqali tekseriw ha’mde test sinawi metodlari ha’zirde ta’lim protsesslerine ken’ kirip kelmekte.

Kompyuter texnologiyalari quralinda bilimlerdi awizsha usil menen tekseriw metodi tiykarinan bir-birin toltiriwshi eki bo’limnen: birinshisi, sinxron baylanista beriletug’in tekseriw sorawlari ha’m waziypalarinan, ekinshisi bolsa, qoyilg’an soraw ha’m waziypalarina sinxron baylanista alinatug’in juwaplardan payda boladi. Sinxron baylanista beriletug’in soraw ha’m tapsirmalardin’ mazmunin belgilewde, u’yrenilip atirga’n mateialdin’

mazmuni menen aldin o’zlestirgen materiallar mazmuni arasindag’i baylanisti shamalaw jetekshi pikirlerdi ajratiw imkani ju’zege keledi.

Kommunikatsiyalardin’ texnikaliq ko’rsetkishleri sixron baylanisti sho’lkemlestiriw da’rejesinde boliwi baylanisti, berilgen soraw ha’mde tapsirmalaedin’ juwaplarin audio strukturasinda aniq boliwin ta’miyinleydi. Bunday ta’miynat talabalardin’ saqlaw qa’biliyetin jaqsilaw, pikirlew (salistiriw, uliwmalastiriw h.t.b) qa’biliyetin ha’m so’ylewin rawajlandiriwg’a xizmet etedi..

Kompyuter texnologiyalari ja’rdeminde jazba-grafikaliq jumislardi tekseriw, talabalardin’

– teoriyaliq bilimlerin;

–misallar, basqa eksperimen tapsirmalardi orinlawda teoriyaliq bilimlerdi qollay aliw ko’nlikpe ha’m qa’nigeligin aniqlawdi na’zerde tutadi.

Jazba –grafikaliq jumislardi kompyuter texnologiyalari tiykarinda baqlaw to’mendegi to’rt basqishta a’melge asiriladi:

– baqlawdi o’tkeriwge tayarliq;
– sho’lkemlestiriw;
– o’tkeriw;
– na’tiyjelerdi analizlew.

Baqlawdi sho’lkemlestiriwde onin’ ha’r bir basqishlarinin’ maqsetlerin belgilew, jazba-grafik junislarinin’ mazmunin tan’law, tekseriw waziypalarin ilayiqlaw lazim boladi.

Virtual a’meliy–laboratoriya shinig’iwlarin orinlaw arqali tekseriw usili ja’rdeminde talabalardin’ iyelegen teoriyaliq bilimleri tiykarinda a’meliy ma’selelerdi sheshiw, tu’rli kestelerden, formulalardan, sizilmalar balar o’lshew a’sbaplarinan paydalaniw ko’nikpe ha’m qa’nigesi rawajlang’anliq da’rejesi aniqlanadi.

Kompyuter texnologiyalarinan paydalanip ma’seleler sheshiwde talabadan ma'selelerdi sheshiwdin' algoritmin du'ziw talap etiledi, bunday iskerlik talabalarda logikaliq pikirlew qa’biliyetlerin rawajlandiradi.

Sonday qilip, pedagog ta’repinen tekseriwdin’ kompyuter metodlari jaqsi tan’lang’anlig’i, talabalar bilimlerin a’dil bahalawda za’ru’r faktor sipatinda xizmet etedi.

Baqlawdin’ kompyuter testleri ja’rdeminde sho’lkemlestiriwi pa’nnin’ mazmunin ko’rsetiwshi bilimler boyinsha sorawlardi waziypa qilipberiliwi, obektivlik ha’m jildamliqti ta’miyinlewi menen test sinawlarin tapsiriwshilar ushin qolay sha’rayat jaratadi.

Kompyuter texnologiyalari tiykarindag’i testler ja’rdeminde bilimlerdi baqlaw, bilimlerdi programmalastirilg’an tapsirmalar tiykarinda tekseriw ideyasi a’meliyatin ta’miyinleydi.

Oqiw materiallarin o’zlestirilgenligin baqlaw ta’lim protsessin sho’lkemlestiriwdin’ za’ru’r mashqalalarinan biri esaplanadi. Sol sebepten talabalar bilimin u’zliksiz baqlaw, o’zlestiriwlerin mas ra’wishtegi ha’m adekvat metodlar ja’rdeminde tekserip turiw obektiv za’ru’rlik. Sol sebepten, programmalastirilg’an baqlaw metodi o’zlestiriw da’rejesin aniqlawshi qurallardan biri bolip, onin’ za’ru’r ta’repi obektivlikti ta’miyinlewde joqari ko’rsetkishke iyeliginde. Kompyuter texnologiyasi ja’rdeminde talabalar bilimin baqlaw texnologiyasi pedagog ushin onin’ miynetin keskin jen’llestiretug’in qural sipatinda ju’zege keledi.

Kompyuter testlerine tiykarlang’an baqlawg’a qoyilatug’in tiykarg’i talaplar to’mendegilerden ibarat:

–validligin;

–aniqlig’i;

– a’piwayilig’i;

– bir tu’rdegi ma’nini an’latiwi;

– isenimliligi.

Bunda testtin' validligin aniqlawda onin' mazmun ta'repten ha'm funktsional ta'repten validligin pariqlay aliw lazim. Mazmu ta'repten – test mazmuninin' baqlap atirg'an oqiw materialina maslig'in aniqlasa, funktsional validlik, testtin' talaba iskerligin bahalanatug'in da'rejesine maslig'in aniqlaydi.

Testtin' aniqlig'i talabalarinin' orinlaniwi talaba ta'repinen orinlanatug'in pa'n mazmuni boyinsha tapsirmalardin' berligen test sorawlarina maslig'in ta'miyinleniwin a'melge asiradi.

Testtin' a'piwayilig'i, ha'r bir test sorawlari bir tu'rdegi qiyinliq da'rejesindegi tapsirmadan payda boliw lazimlig'i, qiyinliq da'rejesi tu'rlishe bolg'an bir-neshe yamasa kompleks tapsirmalardan payda bolmaslig'i menen ko'rsetiledi.

Bir tu'rdegi ma'nini an'law, tu'rli ekspertler ta'repinen test sinawlarinin' orinlang'anliq sipati bir tu'rde bahalanatug'in boliwin bildiredi.

Kompyuter test baqlawdin' isenimliligi bolsa ma'lim talaba test tapsirmasi boyinshqayta-qayta baqlawda onin' na'tiyjeleri bir tu'rdegi ko'rsetkishlerge iye boliwin ta'miyinlewi menen tu'sindiriledi.

Test sinawlarinin' kompyuterlestirilgen baqlaw strukturasin qollaniwda test tapsirmalarin jaratiwdin' joqardag'i talaplarg'a juwap beriwi za'ru'rligi o'zine say bir qansha mashqalalardi ju'zege keltiredi . Sol sebepten, a'meldegi programmaliq o'nimler pedagog ha'm talabani baylanisqa tiykarlang'an oqiw protsessinen, da'su'riy metodikadan uzaqlasiwg'a imkaniyat bermeydi. Sonday-aq, ta'limnin' sipati kompyuter «oqitiw-baqlaw» strukturasin pedagogikaliq protsesslerdi sho'lkemlestiriw ha'm basqariwg'a qollaniw da'rejesine baylanisli boladi. Demek, ta'limnin' kompyuter «oqitiw-baqlaw» strukturasin' na'tiyjeli boliwi, keri jag'daylarda , pedagog menen programmistin'o'z-ara birgelikte islewine baylanisli. Bul haqqindag'i waziypalardi a'melge asiriw maqsetinde talabalar bilimin baqlawdin'

kompyuter programmasi ha’mde o’zlestiriwi kompyuter monitoring monitoring strukturasi islep shig’ildi ha’m a’meliyatta qollanildi.

«Oqitiw-baqlaw» strukturadag’i monitoring talabalar o’zlestiriwin baqlaw ha’m analiz qiliw menen baylanisli bolip, ol oqiw protsessi maqsetine tiykarlang’an ha’m talabalar ta’repinen bilimlerdi o’zlestiriw da’rejesin ha’mde og’an du’zetiwler kiritiwge qaratilg’an barliq sho’lkemlerdi ja’mlegen kompleksni an’latadi. Basqasha aytqanda, monitoring bul «oqitiw-baqlaw» strukturada u’zliksiz baqlaw iskerligi bolip, talabani da’slepki jag’daydan bilimlerdi o’zlestiriwge o’tiw ha’reketin baqlaw, za’ru’r bolg’anda, du’zetiw kiritiw imkaniyatin beriwshi ha’m protsess. Ol pedagogikaliq protsesslerde talaba iyelegen bilim, ko’nikpe ko’nikpe ha’m qa’nigelerdin’ sipatin strukturali baqlawg’a imkaniyat beriwshi za’ru’r sho’lkem sipatinda a’melge asiriladi.

Biz ilimiy izertlew jumisimiz tiykari’nda oqi’wshi’lardi’n’ o’z betinshe jumi’si’n sho’lkemlestiriwde ja’rdem beriwshi elektron resursdi’ jaratti’q. Bul elektron resurs uliwma orta ta’limnin’ 7 klasslari’ ushi’n sabaqliqq qosimsha u’yreniw ushi’n oqiw multimedialiq materiallardan ibarat. Elektron ta’lim resursi’ «İnformatika» pa`ni oqıw da`stu`ri, isshi da`stu`ri ha`m rejesine sa’ykes ra`wishte HTML programmalastırıw tilinde jaratılg`an. Onı jaratıwda Flash, Corel Draw ha`m AutoPlay Menu Builder sıyaqlı programmalıq qurallardan paydalanıldı. Ha`r bir tema boyınsha jeterli teoriyalıq, a`meliy mag`lıwmatlar keltirilgen. Mag`lıwmatlardın` dawıs ha`m tu`rli animatsiyalar menen uyg`ınlıg`ı, tiykarg`ı atamalar ha`m tayanish tu’siniklerge giperbag`ıt barlıg`ı ha`m basqa ko`rsetkishleri menen da’stu’riy ta’minat a`hmiyetli esaplanadı. Da’stu’riy ta’miynat Windows 9x/2000/NT/XP operatsion sistemalarında isleydi.

Da’stu’r eki variantta (CD ha`m lokal tarmaq variantı) bar bolıp, CD variantta jumıstı baslaw ushın «İnformatika» katalogınan start.exe faylı tan`lanadı ha`m ENTER tu`ymesi basıladı. Na`tiyjede kompyuter ekranında elektron da’tu’rdin’ titul beti payda boladı joqaridag’i titul beti su’wreti payda boladi’.




*Programma titul beti*

Kirisiw bo`liminde bu`gingi ku`nde informatika ha`m xabar texnologiyalarının` ornı ha`m a`hmiyeti ha`mde usı elektron da’stu’rdin’ za`ru`rligi tiykarlang`an ha`m onın` qollanıw tarawları haqqında mag`lıwmat berilgen. Sonday-aq, usı ayna arqalı programmanın` qa`legen basqa bo`limlerine o`tiw imka`niyatı bar.

Da’stu’rdin’ **Tema** bo’liminde sabaqliqta berilgen temalar dizimi berilgen.




Temalar diziminen kerekli tema aktivlestirilse usi temag’a tiyisli teoriyaliq mag’iwmatlar ekranda payda boladi’.




**Test** bo'liminde ha'r bir temag'a tiyisli test tapsirmalari berilgen.

**Video** bo'liminde sabaqqa sa'ykes keliwshi video materiallardi u'yreniw mu'mkin.




Al da'stu'rdin' on' bo'liminde oqiwshilardin' zeriiken waqtinda yamasa ta'nepis waqtinda paydalaniw ushi'n Windows operatsion sistemasi haqqinda mag'liwmatlar, kompyuter texonologiyasi tarawi' boyinsha qiziqli faktler, Iternet jan'aliqlar bo'limi jaylasqan.




Sonday-aq, da’stu’r interfeysinde bag’darlawshi’ knopkalar berilgen. Solay etip, jarati’lg’an bul elektron resurs oqiwshilar ushin qosimsha u’yretiwshi qural bolwinan tisqari olardi’n’ waqti’n mazmunli’ o’tkeriw deregi si’pati’nda da ahmiyetli.

## U’shinshi bap boyinsha juwmaqlar

Dissertatsiya jumisinin’ usi babinda pedagogikaliq ta’lim orinlari zamanago’y xabar-ta’lim ortalig’inin’ jaratiliwinin’ sho’lkemlestiriwshilik – pedagogikaliq faktorlari tiykarlap beriledi.

Izertlew na’tiyjesinde pedagogikaliq ta’lim mekemesinin’ zamanago’y xabar-ta’lim ortalig’in jaratiw obektiv za’ru’rlik ekenligi tiykarlanadi, oni islep shig’ariwdin’ metodikaliq tiykarlari jaratildi ha’m quramlıq bo’limleri rawajlandi. Bunda ta’limdi xabarlandiriwdin’ basli maqseti zamanago’y xabar ha’m kommunikatsiya texnologiyalarin qollaw tiykarinda qa’nige kadrlardi tayarlawdin’ sipati ha’m na’tiyjeliligin asiriwdan ibarat etip belgilep alinadi. Sho’lkemlestirilgen maqset tiykarinda ta’limdi xabarlandiriwg’a qaratilg’an to’mendegi waziypalar a’melge asirildi:

– kompyuter texnikasi , xabar ha’m kommunikatsiya texnologiyalarinin’ zamanago’y qurallari struktura u’yrenildi;

– talabalardin’ o’zbetinshe jumislarin sho’lkemlestiriwdin’ elektron oqiw-metodikaliq ta’miynati’ jaratildi;

– xabar texnologiyalarin na’tiyjeli qollawdidan ju’zege kelip atirg’an jan’a imkaniyatlardi esapqa alg’an halda oqiw-ta’rbiyaliq protsessler rawajlandirildi;

– pedagogikaliq ta’lim mekemesinin’ xabar-ta’lim ortalig’inda talabalardin’ o’zbetinshe jumislarin texnikaliq, da’stu’riy ha’m metodikaliq qurallar menen ta’miyinlewinin’ tiykarg’i printsipleri belgilep berildi.

Sonday-aq usi bapta, xabar-ta’lim ortalig’in jaratiw ha’m oqiw pa’nleri boyinsha elektron oqiw-metodikaliq komplekslerinin` rawajlang’anliq da’rejelerine ko’re qollaniq basqishlari mazmuni tiykarlandi.

Oqitiwdin’ kompyuter texnologiyalarin qollaniw ushin bunday texnologiyalardi o’zlestirgen pedagog, da’stu’riy ta’miynat ha’m electron oqiw-metodikaliq qurallar siyaqli sho’lkemlestiriw za’ru’riyati aniqlanadi. Korporativ tarmaq negizinde xabar-ta’lim ha’m basqariw resurslarinin’ jaratiliwi ta’lim na’tiyjeliligin asiriwi, oqiw-ta’rbiyaliq protsesslerdi basqariwin da’stu’rlestiriwi, kadrlardin’ ka’siplik tayarlig’i da’rejesin analiz qiliw ha’m pedagogikaliq analiz metodlari a’meliyatti ta’miyinlewi tiykarlanadi.

Talabalardin’ biliw iskerligin iskerligin basqariw na’tiyjeliligi ko`z qarasınan da’stu’riy oqitiw ko’rinislerinin’ kemshilikleri aniqlandi ha’mde olardi orinlawdi ta’limde xabar texnologiyalarin qollaniwg’a baylanisli ekenligi tiykarlandi.

Talabalar bilimin, bahalaw ha’m olardin’ o’zlestiriw monitoringin sho’lkemlestiriwdin’ kompyuterli struktura abzalliqlari basqa bar bolg’an ta’lim da’stu’rleri sho’lkemlestiriw-didaktikaliq ko’rinisleri arasindag’i tutqan orni, na’tiyjeliligi, ko’rsetkishleri boyinsha salıstırmalı u’yreniw ja’rdeminde aniqlanadi.

Talabalar bilimi, ko’nikpe ha’m qa’nigelerdin’ baqlaw jumisi kompyuter strukturasinin’ tiykarg’I maqseti bolip, olar erisken na’tiyjelerdi aniqlaw, oni rawajlandiriw jollarin ko’rsetiw, sol tiykarda talabalardin’ na’tiyjeli unamli iskerlikleri ushin sharayat jaratiwdan ibarat. Xabarlastirilg’an ta’lim protsessin

bahalaw talabanin o’zlestiriw da’rejesin aniqlaw imkaniyatin jaratiw menen birge, oqiw protsessin xoshametlew jumisinin’ za’ru’r pedagogikaliq qurali ekenligi, talabada unamli motiv oyatiwi menen menen onin’ ka’siplik sipatlarinin’ rawajlaniwina ta’sir etiwi ko’rsetildi. Sol tiykarda, talabanin’ bilim, ko’nikpe ha’m qa’nigelerin bahalawdin’ zamanago’y xabar-pedagogikaliq dizimleri jaratildi, og’an mas rawishte bilimlerdi baqlaw jumisinin’ metod ha’mde qurallari usinildi.

Xabar-ta’lim ortalig’inda «oqitiw-baqlaw» struktura arqali monitoring talabalar o’zlestiriwin baqlaw ha’m analiz qiliw jumisin, oqiw protsessi maqsetine tiykarlang’an, talabalar ta’repinen bilimlerdi o’zlestiriw da’rejesin aniqlawg’a qaratilg’an jarislar kompleksin a’melge asiriw imkaniyatin beriwi ko’rsetildi. Kompyuter texnologiyalari tiykarinda a’melge asiriliwshi monitoring «oqitiw-baqlaw» strukturada u’zliksiz baqlaw jumisi, talabanin’ bilim, ko’nlikpe ha’m oqi’wshilardin’ o’zlestiriw dinamiksin baqlaw, za’ru’r bolg’anda, du’zetiw kiritiw imkaniyatin beriwshi ha’m dizimge ali’wshi’ protsess sipatinda tiykarlandi.

## ULIWMA JUWMAQ HA`M USINISLAR

Informatsiyali'q texnologiya ha'm elektron resurslar boyinsha ta'limnin' kontseptual jag'dayi' analizi tiykarinda kompyuter texnologiyalari'nan paydalaniw talabalar o'zbetinshe jumislarin sho'lkemlestiriwdin' na`tiyjeli bag'dari sipatinda usiniladi. Izertlew jumisinda kompyuter texnologiyalarinan paydalanip o'zbetinshe jumisin sho'lkemlestiriw mazmunina ko're to'mendegi didaktikaliq waziypalardi orinlaw mu'mkinligi aniqlanadi:

–multimedia texnologiyalarin qollawdi talabalarda oqiwg'a qizig'iwshilig'in arttiriwi;

– ta'limnin' interaktiv o'zgesheligi tiykarinda talabalardin' pikirlew qa'biliyetlerin rawajlandiriwi ha'm oqiw materiallarin o'zlestiriliwinin' na'tiyjeliligin asiriwi;

– real halatlarda ko'rsetiliw qiyin, yamasa mashqalali bolg'an protsesslerdi modellestiriw ha'm baqlaw imkaniyatin beriwshi;

– oqiw materiallarin o'zlestiriliwin tek g`ana da'rejesine ko're emes, al talabalar erisken logikaliq ha'm qabil qiliwlar da'rejesine baylanisli ha'm na'tiyjeli boliwin ta'miyinlewi;

– da'stu'riy ha'mde araliqtan ta'lim oqiw-metodikaliq ta'miynatinin' na'tiyjeli integratsiyasin ta'miyinlewi;

– Talabalarg'a o'zbetinshe izleniw joli menen materiallarin tabiw, u'yreniw ha'mde mashqalali ma'selelerdi orinlaw arqali olarda ma'lim izertlew jumislarin a'melge asiriw ko'nikpelerin rawajlandiriwi;

– talabalardin' kurs, qa'nigelik pitiriw jumislarin orinlawda ,magistirlikdissertatsiyalarin tayarlawda oqiw materiallari menen o'zbetinshe tanisiw, tan'lap aliw, xabar ha'mde mag'liwmatlardi analiz ete aliq siyaqli qa'nigelerdin' rawajlaniwi ishin sharayat jaratadi.

Solay etip, ta'lim orinlarinda xabar-kommunikatsiya ortalig'in jaratiw boyinsha izertlewlerimiz oqiw-ta'rbiyaliq protsesslerge informatsiyaliq

texnologiyalar ha’m elektron resurslardi’n’ qollaniliwi, onin’ programmaliq ha’m metodikaliq ta’minati mazmunin islep shig’iwin ta’miyinlegen halda, pedagogikaliq ta’limdi informatizatsiyalawdi’ rawajlandiriw bag’darlarin belgilep berdi.

**Usinislar**

1. Ha’r bir pa’n boyinsha jaratilatug’in electron resurslar MTS sa’ykes keliwi, pa’nnin’ oqiw da’stu’rine sa’ykes bayan etiliwi, oqiwshilarda o’z betinshe ha’m do’retiwshen’lik tu’sinikler payda etiwi tiyanaqli pikirler ayta alatug’in mag’liwmatlarg’a iye boliwi kerek.

2. Elektron resurslar pa’nnin’ son’g’i jetiskenliklerin jari’ti’wi’, ilimiy tu’sinik ha’m mag’liwmatlardi’n’ jeterli da’rejede talabalardin’ bilim ha’m ko’nlikpelerin u’zliksiz ta’rizde asiriwg’a, bekkemlewge xizmet etiwi lazim.

Usi’ dissertasiya jumi’si’n wori’nlaw processinde islep shi’g’i’lg’an usi’ni’slar ha’mde ta‘lim texnologiyalarin a’meliyatqa engiziw joqari’ na’tiyje berip, talabalardi’n’ o‘zlestiriw da’rejelerinin’ arti’wi’na imkan jaratadi’. Aling’an na’tiyjelerdin’ analizi usi’ jag’daydi’n’ ni’zamli’li’q xarakterge iye ekenligin tasti’yi’qlaydi’.

Islep shi’g’ilg’an elektron resurs o‘qitiw metodikasi’nan uliwma orta ta’limnin’ Informatika sabaqlari’nda qollani’w mu’mkin ha’m joqari’ na’tiyje beredi. Sonday-aq, do‘gerek jumi’slari’ni’n’ rejelerin islep shig’iwda da usi’ dissertasiya materiallari’nan paydalani’w usi’ni’s etiledi.

## PAYDALANG’AN A’DEBIYATLAR


1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. – Тошкент: Ўзбекистон, 1992. – 46 б.
2. Каримов И.А. Юксак малакали мутахассислар – тараққиёт омили. – Тошкент: Ўзбекистон, 1995. – 24 б.
3. Каримов И.А. Инсон, унинг ҳуқуқ ва эркинликлари – олий қадрият. – Т. 14. – Тошкент: Ўзбекистон, 2006. – 280 б.
4. Абдуқодиров А.А. Масофали ўқитиш моделлари ва уларнинг синфлари. // Ж. Физика, математика ва информатика. – Тошкент, 2004. – № 5. –Б. 50-56.
5. Азизходжаева Н.Н. Педагогик технология ва педагогик маҳорат. Ўқув қўлланма. – Тошкент: ТДПУ, 2003. – 174 б.
6. Allambergenova M., Madreymova Z. Талабалардың өз бетинше жумысларын шөлкемлестириўде электрон оқыў ресурсларынан пайдаланыў . Жәмийеттиң раўажланыўында ҳаял-қызлардың тутқан орны. Республикалық илимий-әмелий конференция, Нөкис 2015.
7. Андреев А.А. Дидактические возможности средств информационных телекоммуникационных технологий в системе дистанционного обучения // http://www.ito.su/ 1998-99 /h/andreev-t.html.
8. Анциферов Л.И., Пичеков И.М. Практикум по методике технике школьного физического эксперимента – Москва: Просвещение, 1984. – 255 с.
9. Aripov M. Internet va elektron aloqa asoslari. –Toshkent: Universitet, 2000. – 132 b.
10. Ахлидинов Р. Ш. Социально-педагогические управления качеством общего-среднего образования – Ташкент, 2002. – 44с.

11. Алламбергенова М., Тайлаков У. Интерактив ўқув мажмуа: назария ва амалиёт. Тошкент 2013. Монография
12. Ахраров Ш.С. Педагогические основы формирования информационной и учебно-технической культуры будущих учителей в системе педагогического образования. – Тошкент, 1994. – 39 с.
13. Ahmedov A.B., Taylaqov N.İ. İnformatika. Akademik litseylar ha’m kasb-hunar kollejlari ushin darslik. – Toshkent: O’zbekiston, 2001. – 272 b.
14. Begalov B.A. Xabar-kommunikatsiyalar bozorining shakllanish va rivojlanish tendentsiyalarini ekonometrik modellestiriw: İqt. fanl. dokt. ... diss. avtoref. – Toshkent: WzMU, 2001. – 36 b.
15. Begimkulov U.Sh. Pedagogik ta’limda zamonaviy axborot texnologiyalarini qo’llashning ilmiy-nazariy asoslari. Monografiya. – Toshkent: Fan, 2007. – 160 b.
16. Begimkulov U.Sh. Zamonaviy axborot texnologiyalari muhitida pedagogik ta’limni tashkil etish // J. Pedagogik ta’lim. – Toshkent, 2004. – № 1. – B. 25-27.
17. Беспалько В.П. Педагогика и прогрессивные тенологии обучения. – Москва 1996. – 336 с.
18. Boltaev B. İnformatika ha’m hisoblash texnikasi tiykarlari. Darslik. – Toshkent: Wqituvchi, 2001. – 130 b.
19. Гершунский Б.С. Компьютеризация в сфере образования. – Москва. 1987. – 114 с.
20. Краснова Г.А., Беляев М.И., Соловьев А.В. Технологии создания электронных обучаюших средств. – Москва: МГУ, 2002. – 304 с.
21. Mahkamov M. Ta’limni didaktikaliq loyihalashning nazariy tiykarlari: Ped. fan dokt. ... diss. avtoref. – Toshkent, 2004. – 45 b.

22. Olimov Q.T. Maxsus pa’nlerdan oqiw adabiyotlari jan’a avlodini yaratjumisinng nazariy-uslubiy tiykarlari: Ped. fan. dokt. … diss. avtoref. – Toshkent, 2005. – 44 b.
23. Отупов С.Б. Мадреймова З.Б. Ўқув фаолиятини ташкиллаштиришда информацион технологиялар ва электрон ресурсларнинг аҳамияти Нөкис 2015
24. Sattorov A. İnformatika va hisoblash texnikasi asoslari. Pedagogika instituti talabalari uchun o’quv qollanma. – Toshkent: O’qituvchi, 1996. – 224 b.
25. U’zliksiz ta’lim tizimi uchun o’quv adabiyotlarining yangi avlodini yaratish kontseptsiyasi // Karimov A.A., İmamov E.Z., Rwziev K.İ., Butayorov O. – Toshkent: Sharq, 2002. – 16 b.
26. Fuchs I.H. The promise and challenge of new technologies in higher education// Proceedings of the American Philosophical society Philadelphia. – 1998. – Vol.142. – № 2 – P. 197-206.
27. Malone T.W. Forward a Theory of Intrinsically Motivating Instruction // Cognitive Science. – 1981. – Vol. Y. – p. 17.

**Internet saytlar**

1. www.ziyonet.uz
2. www.edu.uz
3. www.intuit.ru
4. www.istedod.uz